**O`ZBEKSTAN RESPUBLİKASI XALIQ BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı**

Ta`biyattanıw ja`ne geografiya fakul`teti

**Zoologiya kafedrası**

**5140400 Biologiya bakalavr ta`lim bag`darı 4^a^-kurs talabası**

**Q**ayratdinova Bibinaz Qayratdin qizi

# *PİTKERİW QA`NİGELİK JUMISI*

QARAQALPAQSTAN SUW OB`EKTLERINDE ANTROPOGEN EVTROFIKATSIYA QUBILISI HA`M MEKTEPLERDE OQITIW SHO`LKEMLESTIRIW

**İlimiy basshı, b.i.k.: Atanazarov Q.M**

**Kafedra basligi, b.i.k.: Atanazarov Q.M**

No`kis 2014

**MAZMUNI**


| | | |
|---|---|---|
| | KİRİSİW | **3** |
| I-BAP. | Qaraqalpaqstan Respublikasının` geopolitikalıq jaylasqan ornı, suw resurslarınan paydalanıwdın` ha`zirgi jag`dayları | |
| II-BAP. | Cuw resursları ha`m A`miwda`r`yanın` gidrologiyalıq rejimi ha’m antropogen ta’sirler | |
| | TİYKARg`I BO`LİM | |
| III-BAP | Material ha`m izertlewler usılları | |
| IV-BAP. | Antropogen eftrofikatsiya qublisi | |
| 4.1. | Da`r`ya, kanal, ko’ller, saqlag`ıshlarda eftrofikatsiya qublisi ha`m suw sapası | |
| 4.2. | Qaraqalpaqstan suw ob`ektlerinde antropogen evtrofikatsiya qubilisi ha’m canitar-ekologiyalıq jag`dayı. | |
| 4.3. | İndeks ko`rsetkishleri boyınsha bahalaw. | |
| V-BAP. | Qaraqalpaqstan suw resurslari temasin o’tiwde antropogen evtrofikatsiya qubilisin mekteplerde oqitiwdi sho`lkemlestiriw | |
| | Juwmaqlaw | |
| | Paydalanılg`an a`debiyatlar | |

# KİRİSİW

**Temanın` aktuallıg`ı, zamanago`yligi.** Keyingi jıllarda Oraylıq Aziya respublikalarının` A`miwda`r`ya suwınan u`nemsiz paydalanıwı awıl-xojalıg`ı egislik jer maydanlarınan shıg`arılg`an suw mug`darlarının` da`r`yag`a qayta taslanıwı keskin da`rejede o`sti. Da`r`yanın` to`mengi bo`limlerinde, a`sirese Qaraqalpaqstan Respublikasında suw tamtarıslıg`ı mashqalası ku`sheyip, unamsız aqıbetlerge sebep boldı.

Keyingi jıllarda Tu`slik Aralboyı regionı qorshag`an ortalıg`ı ondag`ı baylıqlarınnan durıs ha`m u`nemli paydalanıw, patalanıwlardın` aldın` alıw en` baslı wazıypalardan biri bolıp qelmekte. A`sirese jergilikli ta`biyiy ortalıqtın` jag`dayların bahalaw ta`biiy ha`m adamlar iskerligi aqıbetinde buzılıslarg`a ushırap atırg`an ortalıqtı qayta tiklew, adamlar den-sawlıg`ın sotsiallıq qorg`aw, sonday-aq o`simlik ha`m haywanat ha`rtu`rliligin saqlap qalıw ma`seleleri og`ada a`hmiyetli bolıp turıptı.

Ha`zirgi waqıtta regionımızda ekologiyalıq krizis sha`rayatında sotsial-ekonomikalıq jag`daydın` to`men bolıwı territoriyanın` mediko-biologiyalıq jag`dayına ku`shli ta`sir ko`rsetedi. Sol sebepli xalıqtın` den-sawlıg`ın jaqsılaw ushın birinshi na`wbette xalıqtın` sotsial-ekonomikalıq jag`dayın ko`teriw a`hmiyetli uazıypalardan biri esaplanadı.

Sonday-aq 26-27 aprel` 2009 jıl Alma-ata qalasında bolıp o`ten Oraylıq Aziya ha`m shet ellerdin` wa`killeri qatnasıwı menen bolıp o`tken ushırasıwda Prezidentimiz «Bul ma`sele boyınsha jeke Aral ha`m Aral boyı jag`alawlarında ju`zege kelgen ekologiyalıq jag`day tiykarınan bul jerdegi biologiyalıq ha`r tu`rlilik sonday-aq genofond sonın` ishinde adamlar genofondın`a ta`sirin tiygizip atır» degen edi. Rasındada song`ı jıllarda ekologiyalıq jag`day birqansha turaqlasqanı menen onın` ayrım elementlerge a`sirese biologiyalıq, sotsiallıq, meditsinalıq ha`m basqada tarmaqlarınanda ekologiyalıq jag`daylardın` keskinlesiwi dawam etpekte. A`sirese suw tamtarıslıg`ı menen baylanıslı bir qansha awır aqıbetli jag`daylar ju`zege keldi.

A`sirese da`r`ya to`mengi bo`liminde jasawshı adamlardın` ishimlik suwı sapası bir qansha da`rejede to`menledi. Al bul jerde jaylasqan ko`plegen ko`l jayılımları kanal ha`m basqada suw ob`ektleri, sonday-aq onda tirishilik etetug`ın o`simlik ha`m haywanat a`lemi o`zgerislerge ushıradı. Sol sebepli ju`z bergen mashqalalardı teren` u`yreniw ha`m analiz etiw ha`zirgi ku`nnin` baslı ma`selelerinin` birine aylandı.

**Pitkeriw qa`niygelik jumıstın` maqseti ha`m wazıypaları:** ilimiy jumıstın` tiykarg`ı maqseti qaraqalpaqstan respublikasının` Qaraqalpaqstan suw ob`ektlerinde antropogen evtrofikatsiya qubilisi ha`m mekteplerde oqitiw sho`lkemlestiriw ma`selesine qaratılg`an.

Bul qoyılg`an maqsetten kelip shıqqan halda dissertatsiyag`a to`mendegi wazıypalar qoyıldı:

- Respublikanın` suw resursların analiz etiw;
- A`miwda`r`ya basseyninde suw mug`darın suw sapa ko`rsetkishleri tiykarında baylanısın analizlew;
- Antropogen evtrofikatsiya qublısı ha`m suw ekosistemalarındag`ı o`zgerisleri;
- Ko`p jıllıq mag`lıwmatlar tiykarında alıng`an suw sapasının` o`zgeriwi, tiykarg`ı ta`sir etetug`ın faktorlardı u`yreniw;
- Mekteplerde suw sapası, antropogen evtrofikatsiya qublısı haqkında sabaq o`tiwdi sho`lkemlestiriw;

**İzertlew predmeti ha`m ob`ekti**: İzertlew predmeti Qaraqalpaqstan Respublikası aymag`ında jaylasqan da`r`ya, kanallar, ko`ller, kollektor-drenaj suwları, suw saqlag`ıshlar suw sapasına antropogen evtrofikatsiya qublısları o`zgeshelikleri ha`m mekteplerde suw sapası, antropogen evtrofikatsiya qublısını boyınsha sabaq o`tiwdi sho`lkemlestiriw.

**İzerlewdi alıp barıw usılları:** Suw u`lgileri ha`m olardın` analizleri tiykarınan ulıwma qabıl etilgen metodikalıq ko`rsetpeler tiykarında suw sapasın anıqlaw. Ko`pshilik ta`jiriybelik jumısları laboratoriyalıq jag`dayda O`zR İA Qaraqalpaqstan bo`limi Bioekologiya institutı laboratoriyalarında qa`niygeler

menen birgelikte alıp barıldı.

Respublikamızdın` bir qansha ilim izertlew ha`m basqada ka`rxana, sho`lkemleri ta`repinen suw ob`ektleri izertlenip kelmekte biraq bul izertlewler juwmaqları tek esabatlar tiykarında toplanıp olardın` tiykarg`ı bag`darları olardın` juwmaqları haqkında mekteplerde suw ha`m suwg`a jaqın bolg`an temalar o`tilgende, antropogen ta`sirler antropogen evtrofikatsiya qublısları haqkında tu`sinik berip barıw jas a`wladtın` ekologiyalıq ta`lim ta`rbiya, ekologiyalıq ma`deniyattın`, ekologiyalıq sananın` artıwında a`xmiyetli orın iyelegen bolar edi. Sebebi bizin` Qaraqalpaqstan sharayatında suw resursları sheklengen resurslar qatarında bolıp suwlardı qorg`aw, pataslanıwlardın` aldın alıwda dushshı suw resursların aqılga ug`ras paydalanıwda u`lken a`hmiyetke iye boladı.

Avtor ta`repinen bul mashqalanı u`yreniwde ko`p jıllıq mag`lıwmatlardan paydalanıp, alıng`an suw mug`darının` o`zgeriwi, ha`zirgi waqıtta suw mug`darları ha`m suw sapalıq ko`rsetkishlerinin` o`zgerisleri, bul suwlarg`a adamlar ta`sirindegi pataslanıwlardın` artıp barıwı olardın` aldın alıwda jas mektep oqıtıwshılarının` sanasının` o`siwinde jan`asha oqıtıw usıllardan paydalang`an halda jandasıwdan ibarat.

**Jumıstın` a`meliy a`hmiyeti** sonnan ibarat bolıp, izertlewdin` na`tiyjeleri suw mug`darlarının` o`zgerisleri jag`dayında keleshekte respublikamız suwg`a baylanıslı bolg`an ma`seleleri, atap aytqanda A`miwdar`ya to`mengi bo`limindegi basqada suw ekosistemalarının` eklogiyalıiq jag`dayları, regionnın` turaqlı rawajlanıw barısında strategiyalıq a`hmiyetke iye bolg`an suw ob`ektlerin ekologiyalıq indikatorlardan paydalang`an halda bahalaw ha`m ekologiyalıq jag`dayların saplastırıwg`a metodikalıq jaqtan ja`rdem beredi.

Respublikamızdın` ta`biyiy sha`rayatı ha`mde suwg`a baylanıslı izertlengen ha`m izertlenip atırg`an alımlardın` miynetlerinen paydalanıldı. Sonday-aq jumıstın` izertleniwi barısında O`zR İA QQ Bo`limi institutları ilimiy xızmetkerlerinen ma`sla`ha`tler alındı.

# 1-BAP QARAQALPAQSTAN RESPUBLİKASININ` GEOPOLİTİKALIQ JAYLASQAN ORNI, SUW RESURSLARINAN PAYDALANIWDIN` HA`ZİRGİ JAG`DAYLARI

Keyingi jıllarda Oraylıq Aziya respublikalarının` ta`biyiy ortalıg`ı, topıraq, suw, hawa ortalıqları, ta`biyiy landshaftlarının` ta`biyiy jag`dayları birqansha o`zgerislerge ushıradı. A`sirese bunday jag`day Qaraqalpaqstan Respublikasının` xalıq xojalıg`ına, sotsial-ekonomikalıq rawajlanıwına u`lken zıyanlar keltirdi ha`m keltirmekte. Sol sebepli ju`zege kelgen mashqalalardı teren` u`yreniw ha`m analiz etiw olardı aldın ala bes onlag`an jıllarg`a o`zgerislerinin` boljawların beriw ha`zirgi ku`nnin` baslı ma`selelerinin` biri esaplanadı.

Ha`zirgi rawajlanıw da`wirinde respublikamızdın` sanaat, awıl-xojalıg`ı tarawlarının` na`tiyjeli rawajlandırıw ma`selesi tiykarınan alg`anda bul regiondag`ı ekologiyalıq jag`daylarg`a tikkeley baylanıslı. Sonlıqtanda bul mashqalanı sheshiw maqsetinde ilimiy-izertlew jumısların alıp barıw bu`gingi ku`nnin` aktual ma`selelerinin` biri.

Qaraqalpaqstan Respublika geopolitikalıq jaqtan ju`da` qolaylı aymaqta yag`ınıy Jipek jolı boyında Arqada Qazaqstannın` arqa batıs bo`limi regionlarına ha`m Rossiyag`a shıg`ıwg`a, Kubla batısta Turkmenistang`a, qubla-tu`slikte O`zbekstan Respublikası menen Tajikstan, Qazaqstannın` Kızıl orda oblastları menen shegaralang`an Turan oypatlıg`ında jaylasqan bolıp, Respublikamızdın` jer maydanı 164,9 ìûí` êì$^2$ bolıp, O`zbekstannın` arqa batıs bo`liminde jaylasıp, og`ada u`lken aymaqtı iyeleydi. Ol arqa, arqa-shıg`ıs ha`m arqa-batıs ta`repten Qazaqstan respublikası menen, qubla ha`m qubla-batıs ta`repten Tu`rkmenstan menen, qubla ha`m qubla-shıg`ıs ta`repten O`zbekstan respublikasının` Xorezm, Buxara ha`m Nawayı wa`layatları menen shegaralasadı. Qaraqalpaqstannın` jaylasqan koordinatası $40^{0}55^{1}$ ha`ì $45^{0}35^{1}$ arqa ken`liklerdin` ha`m $56^{0}00^{1}$ ja`ne $62^{0}24^{1}$ shıg`ıs boylıqtın` arasında jaylasqan. Respublikanın` aymag`ı batıstan-shıg`ısqa qaray 660 km.ge, al arqadan qublag`a qaray 420 km.ge sozılıp jatır.

Geografiyalıq jaylasıw ornı haqqında ta`riyplesek, Qaraqalpaqstan Evraziya materiginin` oraylıq bo`liminde jaylasıp, Turan oypatının` dawamın iyelep, A`miwda`r`yanın` burıng`ı ha`m ha`zirgi del`tasın, qubla Qızılqum ha`m U`stirt platosının` arqa-shıg`ısın o`z ishine qamtıydı.

Qaraqalpaqstan Respublikası sho`l ha`m yarım sho`l zonasına kiredi. Xalqının` sanı 01.01.2004 j 1435243 adam. Qaraqalpaqstan Respublikası batısta Ustyurt tegisligi Qubla batısta Turkmenistan menen shıg`ısta Qızılqum menen arqada Aral ten`izi menen shegaralanadı. Bul shegara aralıg`ında to`mengi Amuda`r`ya jer maydanı 46 mın` kv km. To`mengi A`miwda`r`ya u`lkesi qubla shıg`ıstan arqa batısqa qaray sozılg`an ha`m ken`eyip, pa`seyip baradı. U`lke qubla shıg`ısta Tu`yemoyın qospag`ınan baslanıp Aral ten`izine shekem dawam etedi.

Taxiatash qısnag`ınan arqa batısqa qarap A`miwda`r`yanın` ha`zirgi zaman del`tası baslanadı. Del`ta bul bo`limde ken`eyedi (140-150 km) ha`m pa`seyip en` biyik jeri 40 - 95 km ge tu`sip qaladı.

To`mengi A`miwda`r`ya u`lkesi tiykarında  por da`wirinin` qatlamları jaylasqan. Onın` u`stilerin paleogen, neogen ha`m antropogen allyuvkal qatlamları (saz, sazlı qum, qumlaq ha`m basqalar) qaplag`an. (Rafikov 1997). En` jas qatlamlar Aral ten`izi qurg`ag`an ultan aymaqlar bo`limi bolıp onın` quramın duzlar, qum ha`m qumlaqlar quraydı. U`lkede ta`biyiy baylıqlar dep ha`r qıylı duzlar, qurlıs materialları  sultan Uaisda mramor, temir rudası h.t.b. bar.

Antropogen faktorlar ta`sirinde jer u`sti ekosistemalarına irrigatsiya landshaftlarına da`r`ya suwlarının` baylanıwı ta`sirinen bul sistemalarg`a ta`sirleri o`zinin` ha`r ta`repleme ha`m komplekslilik qa`siyetleri menen ajıralıp turadı. A`sirese sho`l zonalarında ta`biyiy gidrogeologiyalıq ha`m gidrologiyalıq rejimlerdin` buzılısı ju`da` ken` maydanlarda ta`biyiy jag`daylarının` sezilerli da`rejedegi o`zgerislerine alıp keldi.

Bug`an ayqın mısal retinde A`miwda`r`ya ha`m Sırda`r`ya Zarafshan ha`m bul aymaqtag`ı kanallar ha`m suw saqlag`ısh, sonday-aq qashırma suwlardı qabıl etiwshi suw ob`ektler basseyinlerinde ju`zege kelgen  ha`m kelip atırg`an ta`biyiy

o`zgerisler kirgiziwge boladı. Bul joqarıda aytılg`anlardan sonday-aq ekologiyalıq, geografiyalıq izertlewlerdi jer, suw resurslarınan paydalanıw kontseptsiyaları teoriya ha`m metodikaları haqqında ko`plegen ilim izertlewshiler tabıslı jumıslar alıp bardı. (U.V.Abdullaev, N.A.Agadjanyan, A.B.Baxiev, M.İ.L`voviya, E.Kurbanbaev, E.A.Vostokova, İ.P.Gerasimov, M.A.Glazovskaya, D.N.Kashkarov, V.A.Kovda, D.V.Panfilov, F.E.Rafikov, A.A.Rode, B.A.Feodrovich, h.t.b)

O`tken a`sirdin` 80 jılları biolog alımlar na`zerinde u`lken qızıg`ıwshılıq ta`biyiy sistemalardın` sho`lkemlesiw mashqalaları ha`zirgi o`zgerisler dinamikası nızamlıqları ekosistema biologiya o`nimdarlıg`ı zonallıq o`zgeshelikleri duz toplanıw ha`m ko`shiw, topıraq payda bolıw protsessleri mashqalaları sho`listang`a aylanıw ta`sirleri ken` u`yreniliwge qaratıldı.

Ha`zirgi da`wirdegi ta`biyiy ortalıqtın` o`zinshe rawajlanıw bag`darı sapa jag`ınan ayırıqsha izertlew predmeti retinde geografiyalıq ekologiya bag`darın ta`biyiy ortalıq o`zgerisi jag`dayında ekologiya ha`m geografiya mashqalarının` rawajlanıw nızamlıqların u`yreniwdi a`hmiyetli predmetler qatarına ko`terdi. Bul bolsa keyingi rawajlanıw da`wirinde o`zinin` tiykarg`ı sheshiw ma`seleleri qatarına ta`biyiy ortalıq sho`lkemlesiw barısı, o`zgerisi waqtındag`ı ta`biyiy sistemalar bag`darların analizlew, ekosistema ha`m landshaftlar du`ziw ekologeografiyalıq boljawlardı o`z ishine aladı.

Qaraqalpaqstannın` klimatı keskin kontinentallıg`ı ha`m ha`dden tısqarı qurg`aqshılıg`ı menen xarakterlenedi. Bunın` tiykarg`ı sebebi onın` materik ishkerisinde jaylasıwı ha`m jer ju`zilik okean ja`ne ten`izlerden og`ada uzaqta bolıwında. Sonın` menen birge Jer betinin` tiykarınan tegisliklerden ibarat bolıwı Arktika suwıq hawa massalarının` irkinishsiz kirip keliwine sha`rayat jaratadı. Bul faktorlar respublika klimatının` ju`zege keliwinde jetekshi faktorlar esaplanadı.

Qaraqalpaqstan respublikası aymag`ı arqadan-qublag`a 420 km. den aslam aralıqta sozılıp jaylasqanlıg`ınan Quyashtan keletug`ın nurlı energiyanın` mug`darı territoriyanın` barlıq jerlerinde birdey emes.

Qa`legen territoriyanın` klimatın payda etiwshi faktorlarg`a geografiyalıq

ornı, rel`efi, okean ha`m ten`izge jaqın-uzaqlıg`ı, atmosfera tsirkulyatsiyası ta`sir etedi. Bul faktorlar a`lbette bizin` respublikamızdın` klimatının` payda bolıwına da ta`sir etedi.

Klimattın` kontinentallıg`ı meteorologiyalıq elementlerdin` sutkalıq ha`m jıl boylıq barısındag`ı keskin o`zgeriwinde seziledi. Mısalı, respublikamızdın` territorisı boyınsha jıl dawamındag`ı baqlanatug`ın hawanın` en` joqarg`ı ha`m ju`da` to`mengi temperatura da`rejelerin bir-biri menen salıstırsaq, olardın` arasında u`lken ayırmashılıqtın` bar ekenligin ko`remiz. Ol No`kiste $78^0$, Taqıyatasta $79^0$, Jaslıqta $81^0$, Karakalpakiyada $84^0$, To`rtku`lde $71^0$ qa ten`.

Bizin` respublikamızdın` diyxanları ushın og`ada juwapkerli ma`wsim bolg`an ba`ha`r barlıq ta`biyiy-ekonomikalıq rayonlarında bir waqıtta baslanbaydı. A`dewir tu`slikte jaylasqan Qubla rayonlarda, yag`nıy To`rtku`l, Ellikqala, Beruniy, A`miwda`r`ya rayonlarında ba`ha`r mart aylarının` ortalarında, al respublikamızdın` arqa rayonlarında ol bir yarım, eki ha`ptedey keshigip, aprel` ayının` birinshi on ku`nliginde g`ana baslanadı.

Qubla rayonlardın` agroklimatlıq resurslarının` qa`liplesiwinde Qızılqum ha`m Qaraqumnın` ta`siri ku`shli boladı. Hawanın` ısıwı mart ayının` birinshi on ku`nliginen baslanıp, aprel` ayınan baslap pu`tkil aymaqta hawanın` ortasha temperaturası bir qansha joqarılaydı. To`rtku`lde aprel` ayının` ortasha temperaturası $14{,}5^0$, U`rgenchte $14{,}5^0$ bolsa, bul ko`rsetkish Shımbayda $11{,}6^0$, Qon`ıratta $11{,}3^0$, Ten`iz boyında Moynaqta $8{,}5^0$ tı quraydı.

Respublikamızda jaylasqan meteorologiyalıq stantsiyalardın` ko`rsetiwine qarag`anda o`simliklerdin` vegetatsiya da`wirinde effektiv temperaturaları jıyındısı paxta, salı ha`m basqa ıssılıqtı su`yiwshi eginlerdi jetistiriw ha`mde olardan joqarı o`nim alıw imkaniyatların beredi. U`lkede hawa temperaturasının` joqarılıg`ınan suw ekvatoriyalarında (ko`ller, suw saqlag`ıshlar) kanallar ha`m kollektor tarmaqlarında puwlanıw mug`darı bir qansha ku`sheyedi.

To`mengi A`miwda`r`ya territoriyalarında vegetatsiya da`wirinin` xarakterli o`zgeshelikleri sonnan ibarat, aprel`din` birinshi on ku`nliginde geyde hawanın` ıssı keliw halları da ju`z berip turadı. Tap sonday jag`day 2002-jılda gu`zetildi.

Qaraqalpaqstan sharayatında gu`z ma`wsimi ba`ha`r ma`wsimine usap ju`da` qısqa 1,5-2 ay boladı.

Qıs suwıq kelgen jılları jer u`sti bo`limi muzlawı 0,3-0,6 m.ge shekem baradı. Qaraqalpaqstan Respublikası Oraylıq Aziyadag`ı en` qurg`aqshıl rayonlardın` birinen sanaladı. Jıllıq jawın-shashın mug`darı 80-130 mm a`tirapında bolıp, bul ko`rsetkish Karakalpakiya meteostantsiyasında 135 mm, Moynaqta 98 mm, Shımbayda 90 mm, No`kiste 87 mm, To`rtku`lde 86 mm. Jıllıq jawın mug`darı respublika aymag`ında ayırım jılları o`zgeripte turadı. Mısalı, jawın-shashın ko`p bolatug`ın mart ayında To`rtku`lde 93 mm.ge jetken. Al keyingi 20 jıl ishinde respublikamızda jawın-shashın mug`darı ko`binshe ba`ha`r aylarında jawadı. Bul o`z gezeginde diyxanshılıqqa, a`sirese ba`ha`rdegi egilgen eginlerge og`ada u`lken zıyanın tiygizedi. Jawın-shashınnın` jıl dawamındag`ı bo`listiriliwi 40F-i ba`ha`rde, 20-25F-i gu`zde, 30-35F-i qısta, 5-10F-i jazda. Jaz aylarında jawın-shashınnın` og`ada az bolıwı awıl-xojalıq eginlerinin` o`sip rawajlanıwı ushın u`lken ta`sir ko`rsetpeydi. Olardın` tiykarg`ı rawajlanıwı suwg`arıw islerine baylanıslı.

Qaraqalpaqstan Respublikası territoriyasında o`tkerilgen bir qansha ilimiy izerlew jumısları na`tiyjesinde bul jerde keyingi jıllarda adamlardın` sonday-aq basqa barlıq janlı ha`m jansız komponentler jag`daylarının` o`zgerisleri, qayta payda bolıwları haqqında mag`lıwmatlar toplang`an (Ataniyazova h.t.b., 2003. Atanazarov K.M., Turdımambetov, İskanderov, 2003, Jumamuratov, 2001, Kurbanbaev 1999).

Qaraqalpaqstan Respublikası geografiyalıq jaylasqan ornı boyınsha sho`ller zonasın iyelep, onın` zonallıq xarakterdegi topırag`ına boz topıraqlar jatadı. Biraq del`tada topıraqtın` payda bolıwı ha`m rawajlanıwı A`miwda`r`ya menen tıg`ız baylanıslı bolıp, bul zonada allyuvial` topıraqlar ken`nen tarqalg`an.

Suwg`arılıp egiletug`ın zonada antropogen ta`sirler na`tiyjesinde strukturalıq jaqtan u`lken o`zgeriske ushırag`an ma`deniy topıraqlar ushıraydı. Bular respublikanın` tiykarg`ı egislik jer fondın quraydı.

Qaraqalpaqstan Respublikası jer resursları basqarmasının` 2004-jılg`ı mag`lıwmatlarına qarag`anda respublikamızdın` ulıwma jer fondı 17,6 mln ga quraydı.

1-keste

Qaraqalpaqstannın` jer resursları (2013-j.)

mın` ga esabında*

| Ko`rsetkishler | Qaraqalpaqstan boyınsha barlıg`ı | |
|---|---|---|
| | mın` ga | % esabında |
| 1. Awıl-xojalıg`ına jaramlı jerler | 5293,7 | 32,8 |
| 2. Tog`ay xojalıg`ına paydalanatug`ın jerler | 501,79 | 3,1 |
| 3. Meliorativlik qurılıs halındag`ı jerler | 27,0 | 0,16 |
| 4. Qala, poselkalar, u`y qaptalı uchastkalar, jollar h.t.b. astındag`ı jerler | 46,4 | 0,2 |
| 5. Paydalanılmay atırg`an jerler | 10160 | 63,1 |
| Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha | 16100,6 | 100% |

* Keste Qaraqalpaqstan Respublikası ta`biyattı korg`aw boyınsha ma`mleketlik komiteti mag`lıwmatı boyınsha du`zildi

Keyingi 2000-2001-jılları respublikamızda ju`z bergen suw tamtarıslıg`ı aqıbetinde ko`pshilik egislik jerler egilmey qalıwı sebebinen paxta, salı ha`m basqada awıl-xojalıq eginlerinin` maydanları keskin kemeydi.

Qaraqalpaqstan Respublikası Oraylıq Aziyanın` basqa da aymaqları sıyaqlı tuyıq basseyinde jaylasqan ha`m onın` keskin kontinentallı klimat sha`rayatı, jer astı ha`m jer u`sti suwlarının` payda bolıwı ha`m territoriya boyınsha jaylasıwına ku`shli ta`sir etedi. Ko`pshilikke belgili respublikamız aymag`ında ju`zege kelgen birde-bir ag`ın suw deregi joq. Respublikamızdın` birden-bir ag`ın suw deregi

bolıp A`miwda`r`ya esaplanadı. Sonlıqtan A`miwda`r`ya regiondag`ı barlıq suw qorlarının` qa`liplesiwine tikkeley ta`sir jasaydı ha`m respublikamızdın` ekonomikasının` turaqlı rawajlanıw da`rejesin belgileydi.

A`miwda`r`ya Oraylıq Aziyadag`ı en` mol suwlı da`r`ya, onın` ag`ası Gindikush tawının` arqa janbawırında 4990 metr ba`lentlikte jaylasqan Verevskiy muzlıg`ınan baslanadı. Onın` Pamirden Aralg`a shekemgi ulıwma uzınlıg`ı 2540 kilometrge sozılıp jatır.

A`miwda`r`ya du`n`yadag`ı suwı en` ılaylı da`r`yalar qatarına kiredi. J.Matmuratovtın` mag`lıwmatlarına qarag`anda onın` ha`r bir kubometr suwının` quramında ortasha esap penen 2600 gramm ılay bar. O`ytkeni A`miwda`r`ya suwının` ag`ısı, a`sirese tawlı bo`liminde ju`da` tez ekenliginen da`r`yanın` an`g`arının` juwılıwı ju`da` ku`shli boladı. Sonlıqtanda A`miwda`r`yanın` tiykarg`ı salası esaplanatug`ın Vaxsh suwı menen ha`r jılı 84 mln tonnadan zıyat maydalang`an ha`r tu`rli taw jınısları ag`adı. Ol ulıwma da`r`ya suwın ılaytıp jiberedi. Al tegislikke shıqqannan keyin A`miwda`r`ya Qaraqum ha`m Qızılqumnın` bir-biri menen ushlasqan jiyegi boyınsha ag`atug`ınlıg`ı sebepli da`r`ya jag`alawlarındag`ı an`sat juwılatug`ın bos jınıslar suwdın` ılaylıg`ın ja`nede ko`beytip jiberedi.

Da`r`yanın` suw rejimi tiykarınan Vaxsh ha`m Pyanj da`r`yaları ag`ımınan payda boladı. A`miwda`r`ya basseyni eki bo`limge, yag`nıy tawlı (ag`ım payda bolıwı) ha`m tegislik (ag`ım sarplanıwı) bo`limlerine bo`linedi.

S.P.Polinov mag`lıwmatı boyınsha A`miwda`r`ya basseyninin` tawlı oblastında ulıwma ag`ım mug`darı jılına 79,8 $km^3$ òû qóðàéäû. Ñîííàí “ÌÄÀ (ÑÍÃ) òåððèòîðèÿñûíäà ñów ðåñóðñëàðû 64,8 $km^3$, al qalg`an 15 $km^3$ onnan tısqarıda payda boladı (2-keste).

Ko`p jıllıq mag`lıwmatlar sonı ko`rsetedi A`miwda`r`yanın` suw rejimi tawlı zonada ko`p jıllıq normada boladı. A`miwda`r`ya suw rejiminin` o`zgeriwi tiykarınan tegislik zonalarında antropogen faktorlar ta`sirinde ju`zege keledi.

Gidrologiyalıq materiallardın` analizine qarag`anda 50-jıllardın` aqırına deyin A`miwda`r`ya ag`ımının` o`zgeriwi tek g`ana ta`biyiy faktorlarg`a

baylanıslı bolg`an. Usı da`wirde A`miwda`r`yanın` to`mengi ag`ımına 5500-5700 m³/s mug`darında suw jetip kelgen.

2-keste

**A`miwda`r`ya basseyninin` jer u`sti suw resursları (mlrd $m^3$)**

| Da`r`ya atları | | Ta`miyinleniwi, F | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | 50 | 75 | 90 | 95 |
| 1. | Pyanj | 35,0 | 31,0 | 28,0 | 26,2 |
| 2. | Vaxsh | 20,0 | 17,6 | 16,0 | 15,0 |
| 3. | Kunduz | 3,65 | 3,20 | 2,90 | 2,70 |
| 4. | Kafirnigan | 5,50 | 4,85 | 4,4 | 4,15 |
| 5. | Surxanda`r`ya | 3,85 | 3,33 | 2,94 | 2,72 |
| | A`miwda`r`ya boyınsha barlıg`ı | 68,0 | 59,9 | 54,2 | 50,8 |
| 6. | Qashqada`r`ya | 1,35 | 1,12 | 0,94 | 0,84 |
| 7. | Zarafshan | 5,15 | 4,67 | 4,31 | 4,1 |
| 8. | Turkmenstan da`r`yaları | 3,21 | 2,43 | 1,76 | 1,50 |
| 9. | Awg`anstan ha`m İran da`r`yaları | 2,1 | 1,73 | 1,47 | 1,26 |
| | A`miwda`r`yag`a suwı quyılmaytug`ın da`r`yalardın` suw resursları | 11,8 | 10,0 | 8,48 | 7,70 |
| 10 | A`miwda`r`ya basseynindegi barlıq suw resursları | 79,8 | 70,0 | 62,7 | 58,5 |
| 10.1 | G`MDA ko`lemindegi payda bolatug`ın suw resurslar | 64,8 | 56,8 | 50,4 | 47,0 |
| 10.2 | G`MDA tısqarıda payda bolg`an suw resursları | 15,0 | 13,2 | 12,3 | Q1,5 |

Qaraqalpaqstan Respublikasında 1970-jılda ha`zirgi ku`nge deyin waqıtta

suwg`arılatug`ın maydanlar 200 mın` gektardan 500,0 mın` gektarg`a deyin jetti. Sog`an baylanıslı jıldan-jılg`a suwg`arılatug`ın maydanlarg`a alıng`an suw mug`darı ko`beyip bardı. Salı maydanlarının` ko`beyiwi na`tiyjesinde salıstırmalı suw alıw mug`darı keskin o`sti.

Diyxanshılıqta ha`mde basqada suwg`arılatug`ın maydanlar ushın paydalanılatug`ın A`miwda`r`ya suwı Qaraqalpaqstan territoriyasında tiykarınan iri 4 irrigatsiya sistemaları - Paxta-arna, Nazarxan- Qıpshaq, Su`wenli ha`m Qızketken ha`mde bir qansha kishi kanallar arqalı jetkerip beriledi.

Olardın` ha`r biri A`miwda`r`yadan ayırım tu`rde suw alatug`ın egislik jerlerdi o`zliginen yamasa nasos ja`rdeminde suw menen ta`miyinley alatug`ın bir neshe magistral kanallardı o`zine biriktiredi.

Respublikanın` en` tu`sliginen, yag`nıy da`r`yanın` o`rinen esaplang`anda birinshi bolıp Paxta-arna irrigatsiyalıq sisteması sanaladı. Bul sistemag`a sag`asına suw o`zliginen ag`atug`ın Paxta-arna, Nayman, Beshtam nasos kanalları biriktirilgen. Olar u`sh rayonnın` Ellikqala, To`rtku`l ha`m Beruniy rayonlarının` xojalıqların suw menen ta`miyinleydi.

Nazarxan-Qıpshaq. İrrigatsiya sisteması Jumırtaw-Qarataw qısnag`ında jaylasqan bolıp, ol sag`asınan o`zliginen suw alatug`ın da`r`yanın` on` jag`asında jaylasqan Nazarxan kanalınan ha`m da`r`yanın` shep jag`asında jaylasqan Qıpshaq-nazarxan nasos kanalınan turadı. Usı irrigatsiyalıq sistemalar tek A`miwda`r`ya rayonın ha`m Berdaq atındag`ı xojalıqtın` jerlerin suw menen ta`miyinleydi.

Su`wenli irrigatsiyalıq sisteması. Qaraqalpaqstandag`ı en` iri irrigatsiyalıq sistemalardın` birinen esaplanadı. Bul sistema ha`zir islep turg`an Taxiatas gidrouzeline tutastırılg`an ha`m ol Su`wenli magistral kanaldan, og`an ja`rdemshi parallel` kanaldan, sonday-aq suw o`zliginen ag`atug`ın quwatlılıg`ı jag`ınan kishilew eki kanaldan: Keneges ha`m Su`wenli kanallarınan turadı

Su`wenli irrigatsiyalıq sisteması to`rt rayonnın` Xojeli, Shomanay, Qanlıko`l ha`m Qon`ırat rayonlarının` suwg`arılıp egiletug`ın jerleri suw menen ta`miyinlenedi.

No`kis, Kegeyli, Shımbay, Qarao`zek, Taxtako`pir ha`m Bozataw rayonlarının` jerlerin suw menen ta`miyinleydi. Qızketken irrigatsiyalıq sistemasının` suw alıwshı sag`ası Taxiatas gidrouzelinin` o`rinde jaylasqan bolıp, injenerlik tipte qurılg`an bas tarnawlarg`a iye. Sekundına da`r`yadan alatug`ın suwının` mug`darı 355,0 kub metr, al jılına alatug`ın suwının` ko`lemi suw jeterli bolg`an jılları 3,8-4 mlrd kub metrdi quraydı. Cuw menen ta`miyinleytug`ın egislik maydanlarında tiykarınan paxta ha`m salı egiledi.

Solay etip joqarıda aytılg`an irrigatsiyalıq sistemalar Qaraqalpaqstannın` barlıq suwg`arılatug`ın zonasın o`z ishine alıp, da`r`yada suw jetkilikli bolg`an jag`dayda suwg`armalı diyxanshılıqtın` suwg`a bolg`an talabın tiykarınan qanaatlandıra aladı.

Tiykarınan A`miwda`r`ya deltasının` ha`dden tıs ıg`allang`an ha`m waqıtsha toltırılg`an to`menlikleri ha`m suw saqlag`ıshlar ko`ller menen baylanısqan. Joqarı temperatura jag`dayında ha`m de vegetatsiya da`wirinin` uzaq bolıwı sebebinen o`simlik ha`m haywanat du`n`yası rawajlanadı. Fitomassanın` mug`darı gektarına 3 tonnadan 100 tonnag`a deyin jetedi. Organikalıq zatlardın` mol bolıwı topıraqtın` o`nimdarlıg`ın arttırıp, onın` quramındag`ı gumus 4 protsentti quraydı. O`simlik birlesiklerinde en` ko`p tarqalg`an 2 tu`r: qamıs ha`m jin`ishke japıraqlı jeken bolıp esaplanadı. Suwdın` ishinde en` ko`p tarqalg`anı shalan`lar xara suw otı h.t.b. suw o`simlikleri ushırasadı. Qamıs ha`m jekennin` o`nimdarlıg`ı gektarına 20 t dan 90 t-g`a deyin jetedi. Keyingi 30 jıl ishinde bul ekosistemanın` maydanı 600 mın` gektardan 70 mın` gektarg`a deyin kemeydi. Bul ekosistema ushın suw tu`bindegi sazılaylıqtan ha`m u`stinen awqatın tawıp ha`reket etiwge u`yrengen haywanlar ta`n. Olardan aq shabaqtı, sazandı, sılanı, jılan balıq, aq amur, tolstolobiklerdi ko`rsetiwge boladı. Quslardan qutanlar, g`azlar, u`yrekler, qasqaldaqlar, bir-qazan ha`m jeke siyrek aqquwlar ushırasadı. Nasekomalardan jup qanatlılar su`yir shıbın, qan sorıg`ıshlardan qırıq ayaq, kolisidalar, soqır shıbın, sonalar ken` tarqalg`an. Ko`l jag`alarındag`ı batpaqlıqlarda putalıqlarda jabayı shoshqa, tu`lki, qon`ır tıshqan, suw tıshqanı, qol qanatlılardın` jasawları esapqa alıng`an. En` ka`siplik awlanatug`ın ondatrada usı

ekosistemalarda o`sip rawajlanadı. Bul biotoplarda biologiyalıq massa boyınsha birinshi orındı kemiriwshiler (25 protsent) son`ınan jabayı shoshqa (15 protsent) iyeleydi.

A`miwda`r`ya suwalmalarının` ha`m onın` ulıwma del`tasının` qurg`aqlasıwı a`jayıp tog`ay ekosistemalarında qa`wip astında qaldırmaqta. Sebebi 1930-jıllardın` basında tog`ay ag`ashları da`r`yanın` to`mengi bo`leginde 300000 gektar maydandı iyeleytug`ın edi, al 1986-jıldın` basında olardın` maydanı 33000 gektardan aspaydı. Solay etip 50 jıldın` ishinde tog`ay ekositeması ag`ashlarının` maydanı A`miwda`r`yanın` to`mengi bo`leginde ha`m del`tasında derlik 90 protsentke qısqardı.

Tog`aylardın` buzılıw ha`m joq bolıw protsessleri, a`sirese 1970-jıllardın` aqırında ha`m 1980 jıllarda ku`sheydi. Eger 1978-jılı tog`aylardın` maydanı 79000 gektar bolg`an bolsa, al 1986 jılg`a kelip ja`mi 33000 gektar ag`ashlı tog`aylar qaldı. Solay etip 8-jıldın` ishinde tog`aylar a`sirese del`tada eki ese qısqardı. Bul qubılıs jılına 5778 gektarg`a jetti. Usıg`an baylanıslı ha`zirgi waqıtta tog`ay aa`g`ashlarının` Qaraqalpaqstan tog`ay fondının` ulıwma maydanının` 3 protsentten kemiregin quraydı. Saqlanıp qalg`an tog`aylardın` ko`bisi quwrap atır, geypara orınlarda ag`ashlardı orınsız shawıp alıw dawam etpekte. En` jamanı ko`pshilik tog`ay massivleri o`rtten jog`almaqta. Usılarg`a baylanıslı tog`ay ekosistemalarının` ku`shli buzılıwınan tog`ay o`simliklerinin` 54 tu`ri joq bolıp ketiw aldında tur. A`sirese tog`aylardag`ı jırtqısh quslardın` bas sanı azayıp baratır.

Son`g`ı waqıtları kanallardın` ha`m japlardın` boylarında suwlandıratug`ın aymaqlardag`ı o`zgerislerde payda bolıp atırg`an ag`ash putalı ha`m sho`p birlespeleri sırttan qarag`anda tog`aylarg`a uqsag`anı menen, olar o`sip turg`an orınlardın` ekologiyalıq o`zgesheliklerine baylanıslı nag`ız tog`ay emes. Sebebi olar ele floralıq jaqtan a`piwayı. O`ytkeni ıg`allandırıwdın` belgilengen rejimin ta`miynleytug`ın burıng`ıday suw tasıwları joq. Sonlıqtan jerlerdin` shorın juwıp turıw arqalı A`miwda`r`ya del`tasının` tog`ay ekosistemasının` qa`dimgi biotikalıq kompleksin turaqlı qa`liplestiriw sha`rtleri buzılıp atır.

## 2-BAP SUW RESURSLARI HA`M A`MİWDA`R`YaNIN` GİDROLOGİYaLIQ REJİMİ HA'M ANTROPOGEN TA'SIRLER

1960-jıllardan baslap A`miwda`r`ya basseyninde jaylasqan respublikalarda jan`adan egislik maydanlardı o`zlestiriw na`tiyjesinde ko`plegen magistral kanallar qurıla basladı. Sonın` na`tiyjesinde A`miwda`r`yadan egislik maydanlarg`a alınatug`ın suwdın` mug`darı jıldan-jılg`a ko`beydi.

A`miwda`r`ya basseyninde kanallarg`a alınatug`ın suw mug`darı 35 $km^3$ tan (1965) 71 $km^3$ qa (1995) deyin jetti. Bul da`wirlerde A`miwda`r`yanın` ortan`g`ı ag`ımında alınatug`ın suw mug`darı 15,8 $km^3$ - 35,8 $km^3$ qa deyin, to`mengi ag`ımında bolsa 11,9 $km^3$ tan 20,3 $km^3$ qà shekem jetti.

A`miwda`r`ya basseynindegi respublikalardın` suwg`arılatug`ın maydanı ha`m paydalang`an suw ko`leminin` ko`p jıllıq mag`lıwmatların analiz etkenimizde, yag`nıy 1965-90-jıllar aralıg`ında Ta`jikstan Respublikasında suwg`arılatug`ın maydan 1,6 esege (300 den 498 mın`g`ı), alıng`an suw mug`darı 1,8 ese, O`zbekstanda suwg`arılatug`ın maydan 2 esege, al alıng`an suw mug`darı 2 esege, O`zbekstan Respublikasında bul da`reje saqlang`an, yag`nıy 16,0 mın` $m^3$/ga, al Tu`rkmenstanda bul ko`rsetkishtin` to`menlegenin ko`riwge boladı, yag`nıy 24,6 mın` $m^3$ ga dan 19,6 mın` $m^3$ ga g`a shekem jetedi.

A`miwda`r`ya suwınan paydalanıwdın` usınday da`rejede keskin ko`beyiwi suw resurslarının` azayıwına alıp keldi. Ko`p jıllıq mag`lıwmatlar analizi sonı ko`rsetedi, waqıt ha`m da`r`ya uzınlıg`ı boyınsha to`menge qaray suwdın` kemeyiwi gu`zetilmekte. Da`r`ya ag`ımının` keskin kemeyiwi Taxiatash gidrouzelininn` to`mengi jag`ında gu`zetilmekte. Bunı to`mendegi 3-kesteden biliwge boladı.

Da`r`ya ag`ımının` bunday keskin da`rejede kemeyiwi joqarıda aytqanımızday A`miwda`r`yanın` joqarg`ı ha`m ortan`g`ı bo`limlerinde, sonın` menen birge to`mengi bo`liminde egislik maydanlardın` ko`plep o`zlestiriliwi

na`tiyjesinde kanallarg`a suwlardın` ko`plep alınıwı ha`m olardı u`nemsiz paydalanıw aqıbetinde ju`zege kelmekte.

3-keste

A`miwda`r`yanın` uzınlıg`ı boylap ortasha jıllıq suw ag`ısının` o`zgerisleri

| № | Jıllar | Gidromet postları | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Darganata | Tuyamoyın | Qıpshaq | Samanbay | Qızıljar |
| 1. | 1980 | 1100 | 1060 | 732 | 294 | 272 |
| 2. | 1981 | 1070 | 920 | 648 | 217 | 199 |
| 3. | 1982 | 792 | 689 | 338 | 10,6 | 43,5 |
| 4. | 1983 | 1020 | 877 | 479 | 75,2 | 73,2 |
| 5. | 1984 | 1250 | 1040 | 663 | 253 | 252 |
| 6. | 1985 | 1020 | 931 | 456 | 70,6 | 75,6 |
| 7. | 1986 | 580 | 531 | 286 | 15,0 | 14,1 |
| 8. | 1987 | 1222 | 972 | 671 | 276 | 260 |
| 9. | 1988 | 1381 | 1280 | 933 | 520 | 517 |
| 10. | 1989 | 719 | 580 | 321 | 48,0 | 47,9 |
| 11. | 1990 | 1113 | 943 | 558 | 218 | 195 |
| 12. | 1991 | 1210 | 1090 | 715 | 327 | 318 |
| 13. | 1992 | 1840 | 1640 | 1180 | 765 | 675 |
| 14. | 1993 | 1577 | 1429 | 887 | 537 | 478 |
| 15. | 1994 | 1706 | 1324 | 978 | 592 | 581 |
| 16. | 1995 | 1620 | 687 | 466 | 134 | 123 |
| 17. | 1996 | 1322 | 880 | 552 | 168 | 152 |
| 18. | 1997 | 943 | 539 | 288 | 23,4 | 22,6 |
| 19. | 1998 | 1920 | 1500 | 1100 | 633 | 614 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 20. | 1999 | 1280 | 786 | 518 | 133 | 110 |
| 21. | 2000 | 663 | 328 | 224 | 44 | 29 |
| 22. | 2001 | 534 | 227 | 149 | 3 | 3 |
| 23. | 2002 | 1170 | 720 | 509 | 107 | 92,7 |
| 24. | 2003 | 1080 | 716 | 522 | 103 | 120 |
| 25 | 2004 | 1970 | 1400 | 1100 | 843 | 714 |
| 26 | 2005 | 1680 | 686 | 518 | 533 | 610 |

Kem suwlı 1982-1986-1989-1997-2000-2001-æûëëàðû äa`ðüÿíûn` òo`ìåíãè àg`ûìûíà æåòèï êåëãåí ñów ìóg`äàðû Ñàìàíáàé ãèäðîïîñòû áîéûíøà 0,1-0,7 km$^3$ a`òèðàïûíäà qóðg`àqøûë 2000-2001-jılları Taxiatash gidrouzelinin` to`mengi ag`ımına ulıwma suw tu`spedi.

Da`r`yanın` to`mengi bo`liminde suw ag`ımının` bunday da`rejede keskin pa`seyiwi ha`zirgi ku`nde respublikamızda awıl-xojalıg`ında paydalanıp atırg`an jerlerdi suw menen ta`miyinlewdi qıyınlastırdı. Sonın` menen birge da`r`ya del`tasında jaylasqan suw ob`ektlerinin`, yag`nıy ko`ller maydanının` kemeyiwine ha`m olardın` gidroximiyalıq rejimine keri ta`sirin ko`rsetti.

Respublikamızda magistral kanallardın` salıstırma uzınlıg`ı 2,6 m/ga, xojalıqlar aralıq kanallar uzınlıg`ı 8 m/ga ha`m xojalıqlar ishkerisindegi kanallar uzınlıg`ı 65-70 m/ga g`a ten`.

Na`tiyjede Qaraqalpaqstan Respublikasında suwg`arılatug`ın jer maydanları ushın alıng`an suw mug`darının` azayıwına, ol o`z na`wbetinde ha`r bir gektar suwg`arılatug`ın jer maydan ushın salıstırma suw alıw ko`leminin` azayıwına alıp keldi. Suw resurslarının` kemeyiwi sebebinen 1985-jıllardan baslap suwg`arılatug`ın maydanlardın` o`siw pa`ti keskin kemeyiwi gu`zetildi ha`m 1989-jılg`a kelip jılına 3 mın` gektarg`a ten`lesti.

Suw jetkilikli bolg`an jılları egislik maydanlarg`a alınatug`ın suw mug`darı jılına 10-12 mlrd m$^3$ qa ten` bolg`an ha`mde salıstırmalı suw alıw mug`darı gektarına 26-28 m$^3$ qa ten` bolg`an. Sonı da aytıp o`tiwimiz kerek 1975-80-jılları aralıg`ında suwg`arıwg`a alıng`an suw mug`dar 8-9,7 ìëðä ì$^3$ qa ten` bolıp,

salıstırma mug`darı gektarına 30-32 ìûñ` ì$^3$ qa shekem jetken. 1985-jıllardan baslap a`ste aqırın kemeye baslandı, sebebi  -keste mag`lıwmatlarınan A`miwda`r`yanın` joqarg`ı ha`m ortan`g`ı ag`ısında alıng`an suw mug`darının` 46,3 mlrd m$^3$ 50 mlrd m$^3$ qa ko`beygenin ko`riwimizge boladı. Son`g`ı jılları bolsa ulıwma alıng`an suw ko`leminin` jıllıq mug`darı 6,5-7,5 ìëðä ì$^3$ qa deyin qısqardı, yag`nıy 2 esege. Al salıstırma mug`darı bolsa gektarına 28 mın` m$^3$ tan 14 mın` m$^3$ qa deyin qısqardı.

Suwdın` kemeyiwi na`tiyjesinde suwg`arıw normaları da kemeydi. Mısal ushın kem suwlı jılları 1982, 1986, 1989, 1997 ha`ì 2000-2001-jılları salı maydanlarına alınatug`ın suw mug`darı (brutto) usınıslarda ko`rsetilgen mug`darg`a qarag`anda 2,0-2,5 esege shekem kemeygen.

Bul mag`lıwmatlar sonı ko`rsetedi son`g`ı jılları suwdan paydalanıw plan sistemasın du`ziwde, limit ajıratıwda tiykarsız qatan` talaplar qoyılıp, gektarına 10-15 mın` m$^3$ ców àëûw ìóg`äàðû áåëãàèëåíáåêòå. İrrigatsiya-meliorativlik sistemalarının` ha`zirgi texnikalıq da`rejesi jag`dayında bunday qatan` talaplar qoyıw jetkiliksiz.

Sonı da aytıp o`tiwimiz kerek, ayırım suw tamtarıs bolg`an jıllarda ajıratılg`an limittin` respublikamız rayonları arasında paydalanılıwı da bir qıylı da`rejede emes.

1976-jıllardan baslap suwg`arıw sistemalarının` paydalı islew koeffitsienti pa`s da`rejede bolg`an ha`m bu`gingi ku`nde iri rekonstruktsiya jumısların talap etedi. E.Qurbanbaevtın` mag`lıwmatlarına qarag`anda magistral kanallardın` paydalı islew koeffitsienti 0,96 xojalıqlar-aralıq kanallarda 0,89, õîæàëûq èøèíáåãè êàíàëëàðäà 0,69 g`a ten`.

Son`g`ı jılları A`miwda`r`ya suwının` duzlılıg`ının` artıwı o`z na`tiyjesinde egislik jerlerge kelip tu`setug`ın duzdın` mug`darının` ko`beyiwine alıp kelmekte. Ol da`r`yanın` usı bo`limindegi bir jılda ag`atug`ın suwının` 15F-tin quraydı. Na`tiyjede A`miwda`r`yanın` to`mengi ag`ısına keletug`ın suwdın` en` ko`p mineralizatsiyalanıw da`rejesi da`r`yada suwdın` mug`darları az bolatug`ın aylarında (mart-aprel` ha`m sentyabr`-oktyabr`) tuwra keledi.

Bunday ko`rsetkishler o`z gezeginde awıl-xojalıq eginlerinin` zu`ra`a`tliginin` kemeyiwine alıp keldi. Eger 1980-jılı respublika boyınsha paxtadan alıng`an zu`ra`a`tlik gektarına 32,3 tsentnerdi qurag`an bolsa, 1996-97-jılları bul ko`rsetkish gektarına 13,9 ha`ì 19,4 öåíòíåðãå qûñqàðäû. O`òêåí 1990-99-jıllar aralıg`ında paxta 145-150, salı 80-100 mın` gektar a`tirapında egilip kelingen. Awıl ha`m suw xojalıq ministrligi mag`lıwmatlarına qarag`anda usı jıllar aralıg`ında awıl-xojalıg`ı eginleri ushın vegetatsiyalıq da`wirde 5,5-6,5 ìëðä ì$^3$ cuw alıng`an bolıp, paxtanın` egislik maydanları ushın 1-1,2,  al salı ushın 1997-jıldı esapqa almag`anda 2,2-3,2 mlrd m$^3$ cuw sarıplang`an. Egerde ha`zirgi boljawlarg`a qarag`anda keleshekte ulıwma alınatug`ın suw mug`darı 6,5-7,2 mlrd m$^3$ bolatug`ın bolsa, bul u`lken qıyınshılıqlardı keltirip shıg`aradı.

A`miwda`r`ya del`tasındag`ı suw ekosistemalarının` orayı bolg`an Da`r`yaaralıqk  oypatlıg`ı a`dewir da`rejede o`zgerdi. Bul aymaqta to`rt qashıq sisteması ja`rdeminde suw saqlag`ısh payda boldı, onın` quramına Shege ko`lide kiredi, bul jerden suw Moynaq qalasına barıp jetedi. Moynaq ko`li ha`m Rıbach`e ko`li de onın` quramında bar. Ag`ıstın` ayaq beti Mejdurechensk sisteması boyınsha qayta bo`listiriledi. Usıg`an baylanıslı ha`zir kollektor-drenaj ha`m ag`ızıp jiberilgen suwlar joqarıda atları ko`rsetilgen ko`llerdi suwlandırıwdın` tiyqarg`ı da`regine aylandı (onın` suwının` minerallasıwı 3 ten 6 ke jetedi). Sonday-aq ten`izdin` burıng`ı ultanında yag`nıy Qubla Aral boylarında ko`ller sistemaları payda boldı. Olar KKS, KS-1 KS-2, KS-3 ha`m KS-4 magistral kollektorları bolıp esaplanadı ha`m kollektor-drenaj suw ag`ısın toplaydı. Olardın` bu`gin tek son`g`ısı ten`izge jetti. Biraq A`miwda`r`ya avandel`tasının` ken` ko`ller massivi (maydanı) ha`zirgi waqıtta da`r`ya ha`m kollektor-drenaj suwlarının` tikkeley Aralg`a tu`siwin qıyınlastırmaqta.

## T İ Y K A R G` I   B O` L İ M

## III-BAP. MATERİAL HA`M İZERTLEW USILLARI

Keyingi jıllardag`ı Qaraqalpaqstan Respublikası, a`sirese A`miwda`r`yanın` to`mengi jag`alawlarındag`ı ekologiyalıq keskinlesiw, suw resurslarınan u`nemsiz paydalanıw aqıbetleri na`tiyjesinde, bul suw saqlag`ısh haqqında mag`lıwmatlardı ko`plegen ilim izertlew ha`m basqada sho`lkem, ka`rxanalar ta`repinen izertlenip kelinbekte. Bulardan O`zbekstan İlimler akademiyasına qaraslı Suw mashqalaları institutı, Botanika, Zoologiya institutların, O`zbekstan Respublikası Ta`biyattı qorg`aw boyınsha komiteti labaratoriyaları, Boshgidrometeorolgiyalıq institutı laboratoriyaları xızmetkerleri h.t.b. atap o`tsek boladı. Bul ilim izertlew institutları ha`m ka`rxanalarınan basqa ayırım Ma`mleketlik ha`m ja`miyetelik sho`lkemler, shet elli alımlar ha`m bul suw saqlag`ısh haqqında tiyisli bolg`an izertlew mag`lıwmatların toplaw jumısların alıp barmaqta.

Bul magistrlik jumısta tiykarınan O`zbekstan İA Qaraqalpaqstan bo`limi Bioekologiya institutının` Gidroximiya ha`m gidrobiologiya laboratoriyası xızmetkerleri menen song`ı u`sh jıl (2003-2005 jj) aralıg`ında toplang`an ha`m olardın` analizlerin talıqladıq. Ayırım jazg`ı ha`m gu`zgi ilim izertlew saparlarına o`zim ha`m qatınasıp Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshının` suw ha`m suw astı sho`gindi qatlamlarının` u`lgilerin alıwda, ha`m suw ob`ektlerinde o`tkeriletug`ın (suw tınıqlıg`ı suw temperaturası, rN ko`rsetkishi, toq o`tkeriwshenligi, biogen elementleri) baslang`ısh analizlerinde qatnastım ha`m mag`lıwmatlar topladım.

Suw saqlag`ıshta keyingi jılları ilim izertlew jumısları qatarında iri qurılıs jumısları ha`m alıp barılmaqta. Olardan Xalıqaralıq Araldı qutqarıw (MFSA) fondı ta`repinen ajıratılg`an qarjı esabınan 2 suw o`tkeriw qurılması (gidrosoorujenie) ha`m Da`r`yaaralıq suw qa`ddin belgili mug`darda saqlap turıw maqsetinde damba qurılıs jumısları h.t.b. Mine bul suw saqlag`ıshtag`ı adamlar ta`sirindegi (antropogenlik) jumıslar suw saqlag`ıshtag`ı suw sapasına, suwda jasawshı barlıq organizmlerge o`z ta`sirin tiygizbey qalmaydı. Sonın` ushında ha`r biri suw u`lgileri, suw ob`ektindegi barlıq toplang`an mag`lıwmatlar tolıg`ı menen

talıqlanıp tiyisli juwmaqlar shıg`arıwda, mag`lıwmatlar bazasın tolıqtırıp barıwda suw ha`m biologiyalıq resurslarınan aqılg`a ug`ras paydalanıwda u`lken a`hmiyetke iye. Ag`ın suwlarg`a tu`siwshi mineral, organik, bakteriyallıq ha`m biologiyalıq pataslawshı birikpeler boladı. Mineral pataslawshılarg`a-qum, ılay, tu`rli mineral qaldıqlar, duzlar, kislotalar ha`m tiykarlar kiredi. Organik pataslawshılar-bular o`simlik, hawa qaldıqları, adam ha`m haywan shıg`ındıları. Bakterial ha`m biologik pataslawshılar-bakteriyalar, viruslar h.t.b. Jer ju`zindegi suwlardı radiaktiv penen pataslanıwı u`lken qa`wip tuwdıradı.

Suw sapalıq ko`rsetkishleri gidrofizikalıq (T, tok o`tkeriwshenligi, tıg`ızlıg`ı, basımı) ha`m ximiyalıq ko`rsetkishleri tiykarg`ı ha`m qosımsha $SO^{2-}_4$, $Cl^-$, $HCO_3^-$, $Na^+$, $K^+$, $Ca^{++}$, $Mg^{++}$ elementler bolıp bo`linedi (Alekin, 1951).

Mine bul ko`rsetkishlerdin` barlıg`ı derlik islep shıg`arılg`an suwlardı sapasın anıqlaw boyınsha metodikalıq korsetpeler, a`debiyatlar tiykarında anıqlanadı. Degen menen bizler bul jumısta tiykarınan G`Jer u`sti suwlarının` suw sapasın anıqlawG` Ma`mleketlik standartlar tiykarında, sonday-aq Stroganova, Buzinova (1982), Novikova (1991), Tal`skix (1999) Alekina metodikalıq analizlew usılları tiykarında anıqladıq.

Gidrobiologiyalıq ko`rsetkishlerge-zooplankton, zoobentos, fitoplankton, fitobentos, ixtifauna h. t. b. biologiyalıq yamasa mikrobiologiyalıq ko`rsetkishleri kiredi. Ruxsat etilgen ma`mleket ko`rsetkishleri ha`zirgi waqıtta ayırım ma`mleketlerdin` sonday-aq ayırım sho`lkemlerdin` normativleri bar. Bulardan en` ko`rneklilerinen Jer ju`zilik den-sawlıq saqlaw sho`lkemi, Qorshag`an Ortalıqtı Qorg`aw Amerika agentligi, Evropa awqamı h.t.b.

Bul pitkeriwshilik jumısta suw ortalıg`ın anıqlawda laboratoriyalıq jag`daylarda ha`r qıylı usıllar tiykarında anıqlawlardı u`yrendik. Suw sapasın tiykarınan fizikalıq, gidroximiyalıq, gidrobiologiyalıq h.t.b. usıllar menen anıqlanadı. Fizikalıq aspab u`skeneler termometr, Disk Sekki, fotokolorimetr, spektrofometr, gazoxromotograf, mikraskop h.t.b.

Gidroximiyalık izertlewler to`mendegi bag`darlarda a`melge asırıldı.

- Fiziko-geografiyalık jag`daylardan esapqa alg`an halda

- Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshı suwının` gidroximiyalıq baslı ko`rsetkishleri tiykarg`ı ionlar esapqa alıng`an xalda olardı analiz islendi
- Suw sapasın tiykarınan ishimlik suw ma`qsetinde o`zgerislerin bahalaw.

Qaraqalpaqstan Respublikası ta`biyiy jer usti suwlarının` gidrobiologiyalık rejimi tuuralı mag`lıwmatlar tolık u`yrenilgen. Sonday da bolsa ayırım alımlar ha`m izertlewshiler tarepinen gidrologiyalık, gidroximiyalık mag`lıwmatlar katarında mikrobiologiyalıq ha`m gidrobiologiyalıq ko`rsetkishleri haqqında mag`lıwmatlardı tapsaq boladı (Abdirov x.t.b. 1991, Eshimbaev 1970, Konstantinova 1993 h.t.b.). Gidrobiologiyalıq rejimi boyınsha mag`lıwmatlardın jetkiliksiz da`rejede bolıuının bir neshe sebepleri bar ekenligin aytıp o`tiwge boladı. Bulardan baslı sebeplerinen, birinshiden Da`r`ya aralıq suw saqlag`ıshıl suwının` bas bo`limi tikkeley A`miwdar`ya menen baylanıslı bolıwı, ekinshiden da`r`ya suwı to`men da`rejelerde tınıqlıq da`rejesi menen sıpatlanıwı (ılaylı), u`shinshiden da`r`ya suwı tiykarınan suwg`arıw maqsetinde bolıwı ko`binese onın` gidrobiologiyalık izertlewlerge emes, ba`lki suw mug`darı (gidrologiyalıq) ha`m suw ximiyalıq quramı birinshi gezektegi kerekli mag`lıwmatlar esaplang`anlıg`ı.

**Gidrobiologiyalıq izertlewler usılları**

Suwlardı izertlewler barısında gidrobiologiyalık  mag`lıwmatlar birden-bir kerekli ha`m monitoring sistemasında suw ortalıg`ına ulıwma ekologiyalıq baha beriliwinde a`hmiyetli orın iyeleydi. Gidrobiologiyalıq monitoring sistemasında texnikalıq jaqtan qolaylı esaplanatug`ın ha`m ken` tarqalg`an usıl bioindikatsiya esaplanadı. Bul usılda suw ortalıg`ında ta`biyiy dala sharayıtında suw biotsenozlarının` quramı ha`m strukturası o`zgerislerin suw sapa ko`rsetkishlerinin` fiziko-ximiyalıq o`zgerislerin laboratoriyalıq eksperimentlerge tiykarlang`an ayırım standart organizmler tu`ri-test ob`ektler ja`rdeminde bahalawg`a boladı.

Gidrobiologiyalıq izertlewler barısında Abakumov, 1992 jıl ekinshi ret baspadan shıg`arılg`an gidrobiologiyalıq izertlew usılları miynetinen ha`m sonday-aq MBİ, MBA mikorskoplardan,  Sekki diskasınan, Petri chashkalarınan

pipetka ha`m bir qansha qosımsha u`skenelerden paydalanıldı.

Suw organizmleri ja`ma`a`t payda etip tirishilik etedi. Biotsenozlar ha`m olar o`z gezeginde suw qatlamında (plankton), suw qatlamı astında, topıraq sho`gindi ha`m o`cimlik qaldıqlarına birigip (bentos) qattı substratlarda jabısıp tirishilik etip (terifiton) jasaydı. Ha`r qıylı gidrologiyalıq suw ekosistemalarında ayrım biotsenozlardın` indikatorlıq bahalılıg`ı tu`rlishe bolıp keledi. Sebei jer u`sti suw sistemaları bir-biri menen ha`r tu`rli jag`daylarg`a baylanıslı ekologiyalıq faktorlar ta`sirinde ajıralıp turadı.

Da`r`ya ha`m tranzit ag`ıp o`tetug`ın suwlarda indikatorlıq biotsenozlardan perifiton ha`m zoobentoslar esaplanadı. Bul organizmler a`sirese ko`p tu`rlik ta`repten ko`lerdin` jag`a zonalarında ku`shli rawajlang`an boladı. Bulardın` tu`rlik mug`darlıq ha`m basqada ko`rsetkishlerin izertlew arqalı suw saqlag`ıshqa ha`m ko`llerge kelip quyatug`ın jıynap-toplap alıp keliwi, pataslawshı birikpeler ha`m olardın` tarqalıwı haqqında mag`lıwmatlar toplasa boladı.

Fito ha`m zooplanktonlar ko`binshe jer u`sti suwlardın` ko`ller tipindegi suwlarda izertlew qolaylı esaplanadı. Sebebi bulardın` rawajlanıwına qolaylı jag`daylar ko`l ekosisteması esaplanadı. Al da`r`ya ha`m kanal jag`dayında bul organizmlerdin` o`sip rawajlanıwına ag`ıs ta`sir etip fito ha`m zooplanktonlardın` tu`rlik rawajlanıwın toqtatıp qoyadı. Planktonlıq komplekslerdin` jaqsı rawajlanıwı a`sirese da`r`ya ha`m kanallar arqalı suw menen ta`miynlengen suw ha`wizleri esaplanadı. Bunday izertlew usılında a`sirese qosımsha mag`lıwmatlardan sonday-aq suw saqlag`ısh jag`alawındag`ı ha`m da`r`ya suwının` vizuallıq (ko`rinislik) jag`dayları tuwralı jazıp barıw a`hmiyetli orın tutadı.

### *Mikrobiologiyalıq ko`rsetkishler*

Ulıwma mikroblar sanı 1 ml suwdın` mug`darı 100 ko`p emes Kokki-indeksi., ishek toqıması gruppası bakteriyalar sanı 1000 ml suwda BGKP sanı ko`p emes, Esherixa (taza fenol pataslaw) ko`rsetkishi 300 ml esherixalar sanı bolmawı tiyis Koli-fag 200 ml suwlar BOE sanı bolmawı tiyis

# IV-BAP. ANTROPOGEN EFTROFIKATSIYA QUBLISI

## 4.1. Da`r`ya, kanal, ko'ller, saqlag`ıshlarda eftrofikatsiya qublisi ha`m suw sapası

A`miwda`r`ya to`mengi jag`alawlarında ko`plegen iri ha`m mayda ko`lemdegi suw jayılımları suw ob`ektleri bar. Solardın` ishinde Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshı A`miwda`r`ya to`mengi bo`liminde Aqda`r`ya ha`m Kipchakdar`ya aralıg`ında Moynaq rayonı Porlıtaw, Shege elatlı punktlerinin` tu`slik ta`repinde jaylasqan (Karta-sxema).

Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshı Moynaq Sarıbas qoltıqları antropogen jasalma suw ha`wizleri qatarına kiredi. Bul suw ha`wizler ko`ller tipinde A`miwda`r`ya suw tarmaqlarına kiredi ha`m jasalma basqarmalı suw rejimli.

Ko`ller maydanı klassifikatsiyasına sa`ykes Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshı u`lken ko`ller klasına kirip onın` maydanı 38,7 mın`g`a ha`m suw sıyımlılıg`ı 800 mln. m al eki qoltıq-ortasha klass ko`ller qatarında bolıp maydanı 9,7 ha`m Sarıbas 6,2 mın`g`a suw sıyımlıg`ı 161 ha`m 137 mln. m. 1960 jıl baslarında da`r`yadan regulyarlı suw tu`siwi toqtadı (Rogov h.t.b. 1968 j) ha`m 1965 jıl ko`p ko`ller Shege ha`m Koksu ko`llerinen basqa 7-8 ko`ller quwrap qaldı.

Suw saqlag`ısh 1968 j Amuda`r`ya dep Bayxoja atalatug`ın orında topıraq u`yindisin (zemlenoy peremıchka) tiklew waqıtsha jolı menen ko`l ha`m sho`l maydanların suw menen ta`miyinlew ushın qurıldı.




Bunday peremıchkalar keyin Shuakda 1975 j Bayxojada 1978-1982. Shuakta da`r`ya suwının` bag`darı boyınsha qurıldı. Shuak qasındag`ı peremıchka elege shekem saqlanıp qalıng`an. Suw saqlag`ısh suw rejimi ju`da` turaqsız. 1983-1987-1992-2003 jılları arqa ha`m arqa batıs ta`repindegi dambılardı jıqqın aldı. Bul jıqqın ta`sirinde suw ha`wizinde 1 ay dawamında suw saqlag`ısh o`zinin` yarım maydanın jog`altıp suwı A`miwda`r`yag`a tu`sti.

Suw maydanlarının` jaylasqan ornı jedel tu`rde ılaylanıp teren`ligin jog`altpaqta. Suw az jıllarda suw saqlag`ıshlardın` suw ko`lemi 300-400 mln kub m.

Moynaq ha`m Sarıbas qoltıqları - aldınan Aral ten`izi qoltıqları 1970 jıllar quwrap qaldı. 1979-1980 j suw menen ta`miyinlenip ha`m balıqshılıq rawajlanıw maqsetinde tolıqtırdı. Moynaq qoltıqları 1983 jıldan baslap A`miwda`r`ya suwı Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshı arqalı Glavmyaso kanalı arqalı tu`sip turadı. Bul qoltıq jabıq tiptegi ko`l. Ha`zirgi waqıtta arqa batıs ta`repinde iri neft` gaz kondensatı shıg`atug`ın ka`rxana iske tu`sken.

Sarıbas qoltıg`ı 1990 jıl A`miwda`r`ya suwı Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshınan keyin Marinkin kanalı arqalı tu`sip turadı. Sarıbas qoltıg`ının` arqa ta`repi dambılang`an. Gonchar o`zegi ag`ısı arqalı İnjener o`zegi A`miwda`r`yanın` shep jag`asına ha`m Aral ten`izi ta`repke ag`ıs alıw suw jolları

bar. Ha`zirgi waqıtta qoltıq dambıları ha`m basqarıw suw soorujenie qurlısları dawam etpekte.

Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshı teren`ligi ortasha 2-4 m ayırım orınlarda 6-7 m.

A`miwda`r`ya to`mengi jag`alawlarında ko`plegen iri ha`m mayda ko`lemdegi suw jayılımları suw ob`ektleri bar.

Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshı A`miwda`r`ya to`mengi bo`liminde Aqda`r`ya ha`m Qıpchaqda`r`ya aralıg`ında Moynaq rayonı Porlıtaw, Shege poselkalarının` tu`sliginde jaylasqan.

Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshına biri biri menen baylanısqan onnan zıyat ko`ller sisteması kiredi. Bulardan irileri Shegeko`l, Koksu, Zakirko`l, Baydjanko`l, Rametullauzek, Kurbanuzen Torpauzek h.t.b.

Barlıq adamzat ha`m ha`r bir adam ta`biyattın` bir bo`legi adamlardın` tirishiligi abadanshılıq turmısı ha`m kewil ko`shirmeleri (samoguvtvis) anaw yamasa mınaw da`rejede qorshag`an ortalıq penen onın` sapası menen anıqlanadı.

Qorshag`an ta`biyiy ortalıqtın` pataslanıwı barlıq tiri organizmlerdin` sonın` ishinde adamlardın` ha`m tirishiliginin` ha`zirgi da`wirde ha`m keleshekte keri ta`sir etiwshi hawa, topıraq ha`m suw ortalıqlarının` fizikalıq, ximiyalıq ha`m biologiyalıq qa`siyetlerinin` qolaysız jag`dayg`a o`zgerisleri.

Pataslanıwdın` adamlar iskerligi ta`sirinde bolıwı, o`zinin` kelip shıg`ıwı ha`m qa`siyeti boyınsha ju`da` quramalı ha`m ha`r tu`rli. (sxema 2).

Sxemada ko`rsetilgenindey qorshag`an ortalıq komponenlerinde pataslawshı birikpeler barlıq waqıtta aylanısta ju`redi.

Ayrım ortalıqlar tranzit yag`ınıy o`zinen pataslawshı birikpelerdi o`tkeriwshi esaplanadı, bug`an hawa, shan`-tozan`, jer astı ha`m jer u`sti suwları haqıyqıy tranzit espalansa o`simlikler ha`m topıraq katlamı ha`m tranzit ha`m toplawshı ortalıq espalanadı.

Sxemada ko`rsetilgenindey suw ortalıg`ının` sho`gindi qatlamı ha`m adamlar organizm bul toplawshı ortalıq easplanadı. Mine bunnan pataslawshı birikpelerdin` ta`biyatta aylanısı ha`m sonday-aq en` tiykarg`ı adamlar

organizminde, o`simlik ha`m haywanlar organizminde toplanıwın biliwimizge boladı.

Suwlardin' pataslanıwlari, o`zinin` kelip shıg`ıwı ha`m qa`siyeti boyınsha ju`da` quramalı ha`m ha`r tu`rli. (Su'wret 2)




Bizlerdin` izertlew deregimiz bolg`an Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshı A`miwdar`ya basseninin` en` aqırında jaylasqan bolıp bul suw ortalıg`ında barlıq pataslawshı birikpelerdin` ko`ship keliwi, toplanıwı, sho`kpege tu`siwi bul suw ob`ektinin` ekologiyalıq jaqtan qolaysız awhalg`a alıp keliwine sebebpshi boladı. A`sirese suw saqlag`ısh suwınan ishimlik suw ma`qsetinde paydalanıp atırg`an adamlar organizminde patologik o`zgerisler bolıwına alıp keliwi so`zsiz.

Pataslanıwdın` tiykarg`ı basım orında isleytug`ın dereklerinen biri awıl-xojalıq o`ndiirsi esaplanadı.

Ko`plegen materiallıq ha`m organikalıq eginlerinen mol zu`rra`t alıwda, olardın` o`sip-rawajlanıwlarına ta`sir etetug`ın jabayı sho`plerge, zıyankesler ha`m awıl-xojalıq eginlerinin` tu`rli keselliklerine ta`sir ko`rsetedi.

A`dette awıl-xojalıq eginlerine qollanıw dozası ko`p mug`darlarda bolmasa da, olardın` basqa janlı organizmlerge ha`m qorshag`an ortalıq komponentlerine ko`ship ju`riwi keri ta`sirlerge alıp keldi.

A`sirese awqatlıq shınjırı arqalı adamlar organizmine tu`siwi adamlardın` den-sawlıg`ına ta`sir ko`rsetedi. Bul bolsa biologiyalıq tu`r esaplang`an ta`biyattın` sapalı basqarıwshısı esaplang`an adamlardın` tirishilik etiwine, jasaw jag`dayına u`lken ta`sirin tiygizedi.

## 4.2. Qaraqalpaqstan suw ob`ektlerinde antropogen evtrofikatsiya qubilisi ha'm canitar-ekologiyalıq jag`dayı.

Suw ob`ektlerin ha`r ta`repleme u`yreniw izertlew ilimlerinin` tiykarg`ı qa`siyetlerinin` biri suw ekosistemalarının` jag`dayı teoriyasın jaratıw ha`m bunın` tiykarında suw ob`ektlerin jag`dayın boljaw ha`m basqarıw.

Suw ha`wizleri ha`m suw saqlag`ıshlar tiykarınan og`ada geterogenli ob`ektler esaplanadı. Ha`r qıylı bolg`an suw ha`wizleri bo`limlerin ha`m funktsionallıq ha`m xorologiyalıq printsipleri ajıratıwg`a boladı.

Ko`plegen jag`daylarda suw ob`ektlerine sıpatlamalar a`sirese rayonlastırıw boyınsha sıpatlamalarda ekologiyalıq ko`z-qarastan qaralmay keldi.

Suw ha`wizlering rayonlastırıw boyınsha izertlewlerde ha`r qıylı ekologiyalıq faktorlardın` jıyındılarına sıpatlamalar faktorlardın` jıyındılarına sıpatlamalar berilse de, suw ob`ektleri ekosistema retinde qaralıw ornına tiykarına fiziko-geografiyalıq dene retinde sıpatlanadı. Suw ob`ektlerine ob`ektiv baha beriliwinde antropogen ta`sirlerdin` jedelliginin` artıp barıwı suw resurslarınan u`nemli paydalanıw, xalıq-xojalıg`ının` barlıq tarawlarının` ma`plerin esapqa alg`an halda sonday-aq suw ob`ektinin` ta`biyiy jag`dayları tolıq esapqa alınıwı a`hmiyetli  a`hmiyetli esaplanadı. Bunda suw ob`ektlerine salıstırmalı jazba mag`lıwmatlardan ta`jiriybe modellestiriw dala sharayatında ha`r qıylı a`spab-u`skenelerden paydalanıw toplaw a`hmiyetli orın tutadı.

Suw resursları ma`mleket ekonomikalıq rawajlanıw bag`darı bolıp xalq

xojalıg`ının barlıq tarawlarının` suwg`a bolg`an talabının` artıp barıwın maksimal da`rejede qanaatlandırıw ha`m bul menen baylanıslı bolg`an keri protsesslerdi biyta`rep etiw maqsetinde suw resurslarınan u`nimli ha`m tolıq paydalanıwdı, qorg`aw ha`m tiklew, olardı basqarıw saqlaw, suw menen ta`miyinlew, jetkerip beriw ha`m tazalaw islerine qaratılg`an boladı.

Bizin respublika jag`dayında suw xojalıg`ı dizimine suwg`arılıp egiletug`ın jerlerdin` shorın juwılıwın ha`m kashırıwın ta`miyinleytug`ın is-ilajlar kiritiledi. Biraq bul suw xojalıg`ı dizimine adamlardın` dem-alıs orınları bolg`an a`sirese suw jag`aları, suw ob`ektleri olardı sho`lkemlestiriw jumısları kiritiliwi a`hmiyetli ma`selelerden biri bolg`an bolar edi.

Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshının` en` iri ko`llerinen biri Koksu bolıp ol Porlıtaw elatlı punktinin` tu`sliginde jaylasqanbolıp bul ko`ldin` arqa ha`m batıs bo`limleri ku`shli qamıszarlıq, jekenler menen qaplang`an. Suw astı o`simliklerinen qırqbuwın, rogolistnik, rdestler jaqsı tarqalg`an. Suw astı sho`kpesi - ılaylı qum bolıp, o`simlik qaldıqları aralasqan qara ren`de. Ku`l ren` batpaqlıq ko`ldin` arqa batıs ta`repinde ushırasadı.

Suw tınıqlıg`ı sutkanın` tınıq waqıtları  2-2,5 m shekem, samallı ku`nleri bolsa 0,8-1,2 m. Suw temperaturası  jazda 22-28$^0$ C, gu`zde - 9-14$^0$ C, qısta muz astındag`ı suw temperaturası - 2$^0$ C. Ba`ha`rde-18-21$^0$ C aralıg`ında boldı. Suw rN rekatsiyası jıl aralıg`ında 6,95 den 7,82 shekem o`zgerdi. Suwda erigen kislorod mug`darı 2,1-14,2 mg/l aralıg`ında boldı, en` az mug`darları jaz aylarında ha`m qısta muz benen qaplang`an waqıtlarg`a tuwra keldi. Bul ko`l suw ionlıq quramı kestede ko`rsetilgen.

Keyingi jılları du`n`yanın` ko`plegen ma`mleketlerinde qorshag`an ortalıqtı qorg`aw boyınsha ilimiy tiykarlarda du`zilgen nızamlıqlar ushırasdı. Bul nızamlıqlar qorshag`an ortalıqtı qorg`awda basqarıw ma`selelerine, den-sawlıqtı saqlaw, materiallıq ha`m finanslıq resurslardan sheklengen da`rejelerde qorshag`an ortalıqtı qorg`awda, ekonomikalıq ta`repten qolaylı investitsion proektlerdi bahalawda, qorshag`an ortalıq komponentlerinin` pataslanıwlardan qorg`aw h.t.b. qaratılg`an.

Degen menen bul nızamlıqlarg`a boysınıw ha`m olardı orınlaw ushın bizin` jag`dayımızda ilimiy metodikalıq tiykarlar, qorshag`an ortalıq komponentlerin bahalaw, adamlar den-sawlıq ko`rsetkishlerin analiz etiwde a`sbap-u`skeneler, sonday-aq ta`jiriybeler o`tkeriw boyınsha ximiyalıq reagentler jetise bermeydi.

Sonın` ushında sheklengen analizlerden tiyisli da`rejede tolıq ekologiyalıq jag`daydı bahalawda ekologiyalıq indikator ko`rsetkishlerin qollanıw og`ada za`ru`rli ma`selelerden biri.

Tek suw ortalıg`ına ekologiyalıq jaqtan baha beriwde ximiyalıq birikpelerdin` Ma`mleketlik Standartlar ko`rsetkishi boyınsha 367 ximiyalıq analizi bir u`lgi suwdan anıqlanıwı, al gidrobiologiyalıq jaqta 20 aslam, mikrobiologiyalıq analizlerden 10 aslam ko`rsetkishleri anıqlanıwı tiyis.

Bunday jag`dayda sheklengen suw u`lgisi ha`m sheklengen da`rejede suwdın` sapalıq ko`rsetkishlerin bahalawda indikatorlıq ko`rsetkishlerin paydalanıp sol suw ob`ektine ekologiyalıq (sanitariyalıq, gigienalıq, ximiyalıq, toksikologiyalıq) ta`replerin bahalawg`a boladı. Jer u`sti suwlarının` suw toplawshı orınları (vodozabor) suw deregin pataslawshı ha`m suwda tirishilik etiwshi sonday-aq suwdan paydalanatug`ın adamlarg`a zıyan keltiretug`ın birinshi derek esaplanadı.

Sonın` ushında Qaraqalpaqstan Respublikası sharayatında en` baslı intikatorlıq suw sapasına baha beriwde tiykarg`ı ximiyalıq ko`rsetkishler anıqlanıp baha beriliwi talap etiledi. Bular: suw duzlılıg`ı, rN ko`rsetkishi, tiykarg`ı ionlar, awır metallardan Zn. Mg. Fe. Cd. Cr. Pb biogen elementlerden $NH_4^-$. $NO_2^-$. $NO_3^-$. $PO_4^3$. $O_2$. $BPK_5$. Ashıq tu`rdegi suw ob`ektlerinin` patologik mikrob formaları menen pataslanıw da`rejesi 200 jıl 19,9 protsent boldı, suw mug`darı az jılı. Analizlengen suwlardın` 2000 j 2425 2004 j 3414 2004 j 29,6 F artqan. 200 j shigella 77 F, sel`monellez -23 F bolsa, 2004 j shigella -72 F, sel`monellez 28 F bolg`an.

Ha`mmege ma`lim suw ob`ektleri a`sirese ashıq tu`rdegi suw ha`wizlerinen adamlar ha`r qıylı ma`ksetler ushın paydalanıladı.

4-keste

İshimlik suwı ushın paydalanatug`ın suw ha`wizlerinin` suw sapasına qoyılatug`ın ulıwma talaplar

| N | Suw ha`wizleri suw sapası ko`rsetkishleri | Ruxsat etiletug`ın mug`dar |
|---|---|---|
| 1 | Qalqındı birikpeler | 0,25 mg/l aspag`an bolıwı tiyis |
| 2 | Qalqındı aralaspalar | Suw u`stinde qalqındı zatlar may qalqındıları, plechka ha`m t.b. birikpeler bolmawı tiyis |
| 3 | İyis ha`m da`m | İyis ha`m da`m 1 balldan artpawı tiyis |
| 4 | Temperatura | Jazg`ı temperatura ag`ın suw tu`sken waqıtta otasha temperaturadan $3^0$ artpawı kerek |
| 5 | pH | 6,5- 8,5 aralıg`ında |
| 6 | Mineral quramı | 1000 mg/l -1500 mg/l C l-350  sul`fat 500 mg/l |
| 7 | Suwda erigen kislorod mug`darı | 4 mg/l kem bolmawı tiyis |
| 8 | BPK | 3 mg/l artpawı kerek |
| 9 | Kesellik qozdırıwshı | Suwda kesellik qozdırıwshı organizm bolmawı kerek |
| 10 | X P K | 15 mg/l artpag`an bolıwı kerek |

Solardan biri bizin` zonamızda ko`plegen ashıq tu`rdegi suw ob`ektlerinen ishimlik suwı retinde ko`plep paydalanıladı. 4-kestede ishimlik suwı ushın

paydalanatug`ın suw ha`wizlerinin` suw sapasına qoyılatug`ın ulıwma talaplar ko`rsetilgen bunda suw ha`wizlerinein` suwı sapası ko`rsetkishleri ha`m olardın` ruxsat etilgen mug`daları ko`rsetilgen.

Tu`slik Aral aldı suw ha`wizleri A`miwda`r`ya to`mengi jag`alawlarında jaylasqan Da`r`yaaralıq suw Moynaq ha`m Sarıbas qoltıqları mısalında sıpatlama beriledi. Bul suw ha`wizleri jaylasqan rayon o`zinin` keskin kontinentallı temperaturası menen ajıralıp jer sharı aridli zonalar qatarına kiredi. Hawa temperaturası terbelisi (amplituda 70 C m/m) yanvar` ayının ortasha T -14 S ayırım waqıtları 33 S ortasha iyul` ayında + 26 C maksimal + 45 C ja`mi jıllıq jawın shashın mug`darı 80-100 mm. En` aytarlıqtay klimatlıq faktorlardan biri bul arqa shıg`ıs samalı a`sirese gu`z ha`m qısta.

Ba`har ha`m jazda qubla-batıs samalı, bul Atlantik ha`m jer orta ten`izi ta`repten keledi.

Suw ha`wizlerinin` suw menen ta`miyinleniwi A`miwda`r`ya da`r`yası. Biraq da`r`ya suwına KDS ta`sirinen halı emes. A`miwda`r`ya o`zinin` barlıq ag`ısı dawamında 10 km g`a shekem qashırma suwlardı qabıl etedi bul suwlardın` duzlılıg`ı 14,2 shekem jetedi.

## 4.3. İndeks ko`rsetkishleri boyınsha bahalaw.

Ekologiyalıq ko`z qarastan suw ortalıg`ın izertlewde ha`r bir mag`lıwmat na`zerden shette qalmawı tiyis ha`m ta`jiriybe jag`dayında bul ju`da` quramalı izertlewler usılların o`z ishine aladı. Sonın` ushında ha`r qıylı suw sistemaları ushın en` qolaylı usıllardı ha`m qolaylı bolg`an izertlew biotsenozlardın durıs tan`lap ta`jiriybe o`tkeriw gidroekologiyalıq mag`lıwmatlardı durıs analizlew suw ekosistemalarına ekologiyalıq ta`repten bahalawda ha`m boljaw beriwde a`hmiyetli esaplanadı.

Gidrobiologiyalıq monitoring o`tkeriwde usınıs etiletug`ın usıllardı qollanıw na`tiyjesinde suw ortalıg`ın qorg`awda to`mendegiler anıqlanadı

- Suw biotsenozlarına pataslawshı birikpelerdin` birikpeli ta`sirleri
- Suw ob`ektlerinin` ekologiyalıq jag`dayları ha`m pataslanıwlardın` ekologiyalıq ob`ektleri
- Ta`biyiy ortalıqtın` pataslanıw jag`dayında suw biotsenozlarının` o`zgeris bag`darları
- Suw ortalıg`ında jasawshı organizmler topar jasaw ornı sıpatında jer u`sti suw ha`m sho`gindi qatlamlarının` sapası
- Suwlardın` tropikalıq qa`siyeti
- Suw ekosistemasına ekilemshi pataslawshı birikpelerdin` derekleri ha`m olardın` payda bolıwı, uulı stresslerin anıqlaw.

Suw ekosistemalarının` a`hmiyetli ha`m baslı biologiyalıq komponentleri bolıp perifiton (o`simshe) esaplanadı. Bul organizmler tiykarınan suw astında suw u`stinde janlı ha`m jansız substratlarg`a jabısqan xalda jasawshı organizmler. Bul organizmler ekologiyalıq ta`repten ha`r qıylı tu`rlerge iye bolıp tiykarınan 3 funktsionallıq gruppag`a bo`linedi

- Avtotroflı organizmler-produtsentler (suw otları)
- Geterotroflı organizmler - konsumentler (a`piwayılar) kolovratkalar, qurtlar h.t.b.
- Kontsumentler (bakteriyalar ha`m zamarrıqlardın` ha`r qıylı formaları)

Perifitonlardın` jobasın jasaw jag`dayı suw ob`ektlerin ta`biyiy jag`daylarda ta`jiriybelerdi o`tkeriwde olardın` pataslanıwları boyınsha mag`lıwmatlar toplawda qolaylı esaplanadı.

Perifitonlar haqqında mag`lıwmatlardı jaz ha`m jaz-gu`z ma`wsimlerinde biologiyalık jaz regionın`da gidrobiologiyalıq qubılıslardın` jedel rawajlanıwı da`wirinde toplaw maqsetke muwapıq esaplanadı. Sonday-aq kanal jag`alawında izertlewler alıp barılg`anında suw ortalıg`ına ko`rinisli (vizual) sıpatlamalar jazıp barıldı. Bunda Kegeyli kanalı suwının` ren`i, tınıqlıg`ı, sho`gindi xarakteri, suw temperaturası, xawa rayının` jag`dayları ag`ıs tezligi, suw u`lgileri alıng`an orıng`a sıpatlamalar h.t.b.

Zoobentoslardı anıqlawda a`sirese kanaldın` sho`gindi qatlamınan u`lgi

alındı ha`m olarg`a sıpatlamalar berildi. Kanal sho`gindi qatlamı tiykarınan qumlı ha`m qumlı-ılaylı tipte boldı. Sho`gindi qatlam skrebokta alındı ha`m plastmassa ıdıslarına alındı. Sonday-aq shiyshe kolonkalarda sho`gindi strukturası buzılmag`an xalda teren`ligine qaray 12-21 sm aralıg`ına shekem u`lgiler alındı. Zoobentoslardın` tu`rlik quramı ha`m indikatorlıq tu`rleri onın` taksonom birikpeleri laboratoriyalıq jag`dayda analizlendi.

Suw ortalıg`ı ushın onın` sho`kpe kaldıg`ı ha`m suwdın` jaylasqan ornındag`ı topıraq qatlamı ximiyalıq quramın biliw ulken a`hmiyetke iye. Sebebi suw usı orında o`zinin` ximiyalıq quramın qayta payda etedi. Bunda topıraq katlamı u`sh gorizont boyınsha alındı, yag`ınıy 0 sm u`stingi katlamnan 8 sm teren`likke shekem aralıqta topıraq sho`gindi katlamınan u`lgiler alındı. Suw saqlag`ısh topıraq qatlamının` kuramı tiykarınan 0-0,5 sm teren`likte az shorlang`an tiykarınan sul`fat ha`m kal`tsiy natriy duzları menen duzlılıqqa iye topıraq esaplanadı. 3-8 cm teren`likte bolsa dulıq mug`darı 7 esege kemeyip sul`fatlı xloridli natriy kal`tsiyli quramg`a iye bolıp o`zgeredi.

Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshına kemi menen Aral ten`izine berilmegen limit suwı mug`darın yamasa 4-5 $km^3$ jılına beriliwi kerek. Bul suw mug`darları basqarılmalı bolıp onın` artıq mug`darları birinshi gezekte Moynaq, Maqpalko`l, Sarıbas ko`llerine jiberilip turılıwı tiyis. Eger bulardın`da suw qa`ddi belgilengen da`rejelerge kelse, artıq suw mug`darı xalıq jasawshı punktlerge, tog`ayzarlar ha`m jaylawlarda pishen h.t.b suwg`arıwg`a jumsalıwı kerek boladı.

Bul Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshın keleshekte Domalaq ha`m Jıltırbas qoltıqları menen kanallar arqalı baylanıstırsa boladı. Sebebi Sudoch`e tikkeley kollektor drenaj suwları menen toltırılg`an. Bul suw mol mug`dardag`ı jıllar ushın is ilajlar esaplanadı.

Su`wrette Dar`yaaralıq suw saqlag`ıshının` suw mug`darlarının` dinamikası 2002 jıldag`ı suw tamtarıslıg`ı waqtındag`ı ha`m suw mug`darlarının` kelip suw saqlag`ıshtı toltırılg`andag`ı 2003 jıldag`ı suw mug`darları ko`rsetilgen. Bunnan 2002 jılg`a salıstırg`anda suw mug`darlarının` derlik eki-u`sh esege artqanlıg`ın ko`riwimizge boladı.

Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshının` suw sapasın ekologiyalıq sanitariyalıq ko`rsetkishler tiykarında bahalag`anımızda (6-keste) suwdag`ı rN $NH_4$ $NO_2$ $NO_3$ ko`rsetkishleri boyınsha az pataslang`an birinshi klass G`tazaG`, $PO_4$ $O_2$ permanganat okisleniw da`rejesi boyınsha birinshi b klass G`az pataslang`anG`, Biologiyalıq kislorod penen ta`miyinleniwi boyınsha ekinshi klass a G`pataslang`anG`, o`nimdarlıq ha`m destruktsiya ko`rsetikshleri boyınsha to`rtinshi klass a az pataslang`an da`rejelerde bahalandı.

6-keste

İndikatorlıq ko`rsetikishleri

| N | Suw sapası ko'rsetkishleri | Anıqlanıwı tiyis ko'rsetkishler | İndikatorlıq bah'alanıw da'rejesi |
|---|---|---|---|
| **1** | Fizikalıq | Temperatura, tok o'tkeriwshenlik, teren'lik, | Ximiyalıq birikpelerdi biliw, suw obektinin' ulıwma sanitariyalıq jag'dayın anıqlaw |
| **2** | Organoleptikalıq | Tınıqlıq, iyis, qurg'aq qaldı, da'm, | Fizik, organoleptik bah'alawlar, Mineral h'a'm organik pataslanıwlardı ajıratıw, gazlik quramın biliw |
| **3** | Mikrobiologiyalıq | Koli-titr, Koli indeks, bakteriyalar sanı, Koli-fagler, BOE sanı h'.t.b. | Mikrobiologiyalıq jag'dayın anıqlaw, dezinfektsiya jag'dayına bah'a beriw, xlorldpanıu' da'rejesin biliw |
| **4** | Gidrobiologiyalıq | zooplankton, zoobentos, fitoplankton, fitobentos, ixtifauna | Gidrobiologiyalıq jag'dayın biliw, gidrobiontlar h'aqqında tu'sini alıw |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | h'.t.b. | |
| **5** | Ximiyalıq | rN ko'rsetkishi. | Ximiyalıq bah'a beriw |
| 5A | Tiykarg'ı ionlıq quramı | Duzlılıgı, Na+K, Ca, Mg, HCOz, SO , Cl. | Tiykarg'ı ionlıq qurmaın biliw |
| 5B | Biogenlik elementler | NO , NO , NH, S , PO, | Suw obektlerinin' qashan oprganik h'a'm mineral pataslang'anlıg'ın sanitariyalıq-gigienalıq bah'a beriw |
| 5V | Awır metallar | Cr, Mn, Zn, Sn, Pb | Suw qattılıg'ı kaysı elementke baylanıslı ekenligi, awır metallar menen pataslang'anlıq da'rejesi |
| 5G | Organik birikpeler | Fenol, neft h'a'm neft o'nimleri | Organik birikpeler menen pataslang'anlıq da'rejesin, toksikologiyalıq bah'a beriwde |

Keyingi kestede ekologiyalıq ko`rsetikshleri boyınsha bahalang`anda (7-keste) basım ko`pshilik waqıtlardag`ı pN ha`m kislorod ko`rsetkishleri boyınsha taza al qalg`an biogenlik ko`rsetikshler boyınsha pataslang`an ha`m ku`shli patalllang`an da`rejelerde anıqlandı. A`sirese nitrat ha`m ammoniyli azot mug`darları ko`p bolıp pataslang`an da`rejelerdi ko`rsetti.

7-keste

Ekologiyalıq sanitariyalıq ko`rsetkishler

| N | Ko`rsetkish | Basım ko`pshiligi | |
|---|---|---|---|
| | | Mug`dar | Razryad |
| 1 | pH | 7,0-8,0 | 1a-3a |
| 2 | $NH_4$ | 0,08-0,50 | 2a-3b |
| 3 | $NO_2$ | 0,003-0,03 | 1b-3a |
| 4 | $NO_3$ | 0,015-0,6 | 1a-4a |
| 5 | $PO_4$ | 0,03-0,05 | 1a-3a |
| 6 | $O_2$ | 90-110 | 1b-2a |
| 7 | $BPK_5$ | 1,22-2,78 | 2b-3b |

Endi joqarıdag`ı analillengen kestelerden juwmaq shıg`arg`an halda jer u`sti suwlarının` suw sapasın normativlik bahalaw boyınsha ballıq da`rejede bahalaytug`ın bolsaq, onda Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshı suw sapası Koli indeks, iyis, BPK ko`rsetkishleri boyınsha u`sh ballda, rN ha`m suwda erigen kislorod mug`darları boyınsha to`rt ballda, qalqındı birikpeler ha`m ulıwma duzlılıq boyınsha eki ballda ha`m bir ball mug`darında xloridler bahalandı. Demek bul keste boyınsha kansha ball az bolsa suw sapasının` to`menlewi, al kansha ball joqarı bolsa suw sapasının` jaqsı sapada bolıwın ku`zetiwimizge boladı.

Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshı suw O.A Alekin (1970) klassifikatsiya boyınsha dushshı ha`m duzlı bolıp mineralizatsiyası 0,960 - 2,7 g/l ha`m ionlıq qurama boyınsha A`miwda`r`ya suwına uqsas. Ayırım suw az jılları ko`plegen maydanı quwrap teren`rek suw qalg`an orınlarda duzlılıg`ı 4-6 g/l baradı.

8-keste

Jer u`sti suw sapasın normativlik bahalaw, ballda

| N | Ko`rsetkish | Ball | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 1 | Koli-indeks | > $10^7$ | $10^5$ - $10^7$ | $10^3$ - $10^5$ | 100 - 1000 | 0-100 |
| 2 | İyis, ball | 5 | 4 | 3 | 1 - 2 | 0 |
| 3 | $BPK_5$ mg/l | > 10 | 4 -10 | 2-4 | 1-2 | < 1 |
| 4 | RN | < 4 > 10 | 4-10 | 5-9,5 | 6,8-8,5 | 6,5-8 |
| 5 | Suwdag`ı erigen $O_2$ mg/l | < 2 | 4-2 | 6-4 | 8-6 | > 8 |
| 6 | Qalqındı birikpeler mg/l | > 100 | 50-100 | 20-50 | 10-20 | > 10 |
| 7 | Ulıwma duzlıq mg/l | > 2000 | 1500-2000 | 1000-1500 | 500-1000 | < 500 |
| 8 | Xloridler mg/l | > 700 | 500-700 | 350-500 | 200-350 | < 200 |

ESKERTİW. Astı sızılg`an ko`rsetkishler Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshı ushın ta`n bolg`an ko`rsetkishler esaplanadı.

Anionlardan sul`fat ha`m xloridler, kationlarda natriy, kaliy ha`m kal`tsiy basım keledi. Xlorlı sul`fat natriy ha`m sul`fat xlor natriy. A`miwda`r`ya to`mengi jag`alawları ha`mmeside suw qattılıg`ı joqarı ha`m ju`da` joqarı boladı. Suw saqlag`ısh suwında 9-13 mg ekv/l aralıg`ında.

A`miwda`r`ya to`mengi jag`alawlarında bir qansha suw ob`ektleri bolıp ta`biiy ha`m jasalma tiptegi gidroekosistemalar esaplanadı.

Jasalma gidroekosistemalar qatarına Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshın kirgiziwge boladı. Sebebi bul jerde adamlar iskerligi na`tiyjesinde bir qansha iri qurılıs isleri alıp barıldı. 2000-2001 jılları bul jerde 80-85 protsentke shekem maydan suwsız qurg`ap qaldı. Ha`zirgi waqıtta bolsa 2003 jıl 50-70 abs. m shekem suw bar. Derlik Da`r`yaaralıq barlıq bo`limi suw menen toltırıldı.

Xalıqtın` sanının` artıwı menen qalalar, awıl ha`m t.b. sanaat tarmaqları ushın suw menen ta`miyinleniwdin` artıp barıwı menen shıg`ındı suwlar mug`darları ha`m artıp baradı.

Suwdan ta`miyinlewdin` barısında da`r`yalar tek g`ana ta`biyiy da`r`ya ag`ısın alıp keliwshi kollektor bolıp qalmastan, ba`lki barlıq ag`ındı suwlardı, pataslawshı birikpelerdi alıp keliwshi ha`m esaplanadı.

Suw dereklerinin` pataslanıw, suwdın` sanitariyalıq tazalıq jag`daylarına ta`sir jasap qalmay suwdag`ı tirishilik etiwshi suw organizmlerine ha`m suw sapasının`  o`zgerislerine u`lken ta`sir ko`rsetedi.

Ag`ın suwlardın` tiykarg`ı u`sh tu`ri belgili: xojalıq-turmıs ag`ın suwları, sanaat ha`m awıl xojalıq ag`ın suwları. Suw inshaatlarının` ha`m suwlırdın` pataslanıwı dep-suwdan paydalanıwda ha`m suw menen ta`miyinlewde adamlar ha`m islep shıg`arıw ta`sirlerinde tuwrıdan tuwrı yamasa janapay tu`rde suw sapası ha`m onın` qa`siyetlerinin` tolıq o`zgerisine aytıladı.

Ekologiyalıq rayonlastırıwda suw ekosistemalarının` ha`r ta`repleme izertlenip-u`yreniliw ko`rsetkishleri jıyındısı olardın` strukturalıq ha`m funktsionallıq ayırmashılıqları sonday-aq suw ekosistemalarının` quramalılıg`ı turaqlılıg`ı (nadejnost`) usag`an integral sıpatlamaları beriliwi tiyis.

Suw ha`wizleri-jer qabatınan geografiyalıq elementlerinen biri, sonday-aq biosferanın` ekosisteması esaplanıp, olardı izertlewlerdin` ko`plegen printsipleri bag`darları ha`m suw ob`ektlerin analizlewde ekologiyalıq ko`z-qarastan sıpatlama beriw a`hmiyetli orın tutadı.

Suw ob`ektlerine ob`ektiv baha beriliwinde antropogen ta`sirlerdin` jedelliginin` artıp barıwı suw resurslarınan u`nemli paydalanıw, xalıq-xojalıg`ının` barlıq tarawlarının` ma`plerin esapqa alg`an halda sonday-aq suw ob`ektinin` ta`biyiy jag`dayları tolıq esapqa alınıwı a`hmiyetli  a`hmiyetli esaplanadı. Bunda suw ob`ektlerine salıstırmalı jazba mag`lıwmatlardan ta`jiriybe modellestiriw dala sharayatında ha`r qıylı a`spab-u`skenelerden paydalanıw toplaw a`hmiyetli orın tutadı.

Ha`r qanday bahalawlar tiykarında bizin` Respublikamızda jaylasqan jer

u`sti suwları tiykarınan ishimlik suwı ko`z qarasınan bahalanıwı kerek. Sebebi aridli jag`dayda jasap atırg`an adamlar tiykarınan ishimlik suwı ushın ha`r qıylı suw derekleinen paydalanıwına tuwra keledi. A`sirese Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshı Moynaq ayonı aymag`ında birden bir suw saqlag`ısh retinde bul jerde jasawshı adamlar ushın ishimlik suw tiykarg`ı deregi ha`m esaplanadı.

Suw ha`wizleri ushın qoyılatug`ın talaplardan sonı biliwimizge boladı, olda bolsa ishimlik suwı ushın suw saqlag`ısh suwının` sapası suw mug`darları ko`p jıllarda birqansha salıstırmalı halda jaqsı bolıwı az pataslang`an da`rejede joqarı balda bahalanıwı ku`zetilse, al suw mug`darlar kem jıllarda bolsa suw sapası to`men, to`men ballda ha`m pataslang`an ha`m ku`shli pataslang`an suwlar qatarında bahalang`anlıg`ın joqarıda ko`rip o`ttik.

Bunda suwlardın` o`zin o`zi tazalaw qublısın esapqa alıp o`tpewge bolmaydı, sebebi ha`r kanday suw deregi azlı kemli o`zin o`zi tazalanıw kublısına iye.

Suwlardın` o`zin-o`zi tazalawdın` ha`m ta`biyiy suwlar menen ag`ın suwlardın` aralasıw qubılısların izertlegende 5 tiykarg`ı bag`dardı anıqlawg`a boladı.

1. Ha`r qıylı gidrologiyalıq ha`m gidrodinamikalıq jag`daylarda suwlardag`ı aralasıw ha`m birigiwdin` esaplaw usılların islep shıg`ıw.

2. Pataslawshı birikpelerdin` suw ortalıg`ındag`ı ha`m sho`kpedegi ximiyalıq payda bolıw o`zgerislerindegi qubılısların u`yreniw.

3. Suw ortalıg`ındag`ı o`z-o`zin tazalawda mikroorganizmler ornın biliw.

4. Suwda fotosintez qubılıslar a`hmiyetin u`yreniw

5. Jer astı suwlarda pataslawshı birikpelerdin` ko`ship ju`riw mexanizmin u`yreniw.

Bulardı u`yreniw na`tiyjesinde alıng`an mag`lıwmatlar suwlardı pataslawdan saqlawda ha`m qorg`awg`a qaratılg`an is-ilajlardı islep shıg`arıwda a`hmiyetli esaplanadı.

Ta`biyiy jasalma usıl - bunda suw inshaatları, tarmaqlarındag`ı ha`wizlerindegi suw sapasının` ma`wsimlik, ko`p jıllıq o`zgerisleri. Suw tarmaqlarındag`ı suwlardın` sapasının` onın` ko`p yamasa az suwlı jıllarına

baylanıslılıg`ı.

Keyingi jıllarda suw sapasın bahalawda tiykarınan suw ob`ektilerin basqarıw diziminin` usılları inabatqa alınıwı talap teiledi. Bular to`mendegiler.

Huquqıy basqarıw usılı. Suw ob`ektlerinde suwdın` sapasın belgili bir da`rejede bolıwı ushın du`zilgen nızamlıq aktler.

Administrativlik usıl. Jer u`sti suwlarının` pataslanıwının` aldın alıwda onın` sapa ko`rsetkishlerin (fizikalıq, ximiyalıq, biologiyalıq) anıqlap, baqlap barıwdı, suw ob`ektlerin pataslanıwlardan qorg`aw, kadrlar menen, analitikalıq laboratoriya ha`m u`skeneler menen ta`miyinlew da`rejelerin ilimiy tiykarda, suwg`a bolg`an talap ha`m maqsetlerge qaray ilimiy sheshiliwi.

Ja`miyetlik-ekonomikalıq usıl. Suw resurslarınan paydalanıwdag`ı ma`seleler, administrativlik-huquqıy usılda sheshiledi. Biraq bul jag`dayda suw sapasının` ekologiyalıq talapları ja`miyettegi ekonomikalıq rawajlanıwı menen iske asıwı tiyis. Ta`biyattag`ı suwlar sapasın qorg`aw aqılg`a ug`ras paydalanıwda l`gotlik kreditler ajıratıw.

Texnologiyalıq usıl. Jer u`stki suwlar sapasın basqarıwda suw ob`ektlerinin` qurılısları, duzsızlandırıw u`skenelerin qollanıw, suwdın` pataslanıwlarının` aldın-alıw injenerlik texnologiyalıq, konstruktorlıq ma`selelerin sheshiw.

Bul joqarıda aytılg`andlardı inabatqa alg`an halda suw ob`ektlerine, sonın` ishinde Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshına ekologiyalıq jaqtan baha bergenimizde birinshi gezekte suw mug`darlarına tikkeley baylanıslı. Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshı Moynaq rayon aymag`ına g`ana emes ba`lki A`miwda`r`ya to`mengi jag`alawında jaylasqan birden bir suw saqlag`ısh retinde qaraladı. Bul suw saqlag`ıshtın` ortalıqqa qala berse Moynaq rayonı, Qon`ırat, qon`sılas Qazaqda`r`ya, Shımbay aymaqlarının` klimatının` payda bolıwında u`lken rol` oynaydı. Ja`ne bir ayta ketetug`ın na`rse olda bolsa suw saqlag`ısh A`miwda`r`ya basseyninin` aqırg`ı bo`liminde jaylasıp tikkeley da`r`ya suwı menen ta`miyinlenedi. Basqa kanal yamasa kollektor-drenaj suwları bul jerge tu`speydi. Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshının` u`lken bir ekologiyalıq bahalılıg`ı bul da`r`ya suwın basqarıw xızmetin atqarıwı esaplanadı. Eger da`r`ya suwı artıq

mug`darlarda bolsa, onı Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshı arqalı Moynaq ha`m Sarıbas qoltıqlarına jiberip turıwı esaplanadı. Suw saqlag`ıshlarda en` tiykarg`ı xızmetlerinen biri Moynaq rayon xalqının` basım ko`pshiligin ishimlik suwı menen ta`miyinleniwi boladı. Bul jerde bulardan basqa balıqshılıq xojalıqları bolıp Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshınan ko`plegen tu`r balıqlar awlanadı. Olardan sazan, aq marqa, tolstolob, jılanbas, aq amur aq torta, sıla h.t.b.

Juwmaqlastırıp aytqanda Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshı tek Qaraqalpaqstan Respublikası yamasa Oraylıq Aziyada g`ana kerkli bolg`an suw saqlag`ıshı bolıp qalmastan ba`lki biosfera ekosistemalarının` biri sıpatında ekologiyalıq jaqtan tutqan ornı og`ada ullı ha`m bul suw saqlag`ıshın ha`r ta`repleme izertlew u`yreniw, suw ha`m biologiyalıq resursların saqlaw ha`m qorg`aw ilajları ha`zirgi zaman talabı.

## 5-bap QARAQALPAQSTAN SUW RESURSLARI TEMASIN O'TIWDE ANTROPOGEN EVTROFIKATSIYA QUBILISIN MEKTEPLERDE OQITIWDI SHO`LKEMLESTIRIW

**TEMASI: Gidrosfera ekologiyası. Suwdan paydalanıw ma'seleleri. Aral ha'm Aral boyı mashqalalari, Antropogen evtrofikatsiya qubilisin**

| | |
|---|---|
| **Oqıtıw waqtı: 2 saat Studentler sanı: 25** | |
| Oqıtıw sabag'ının' strukturası | Lektsiya, soraw-juwap, diskussiya |
| Lektsiyanın' jobası: | 1. Gidrosfera haqqında tu'sinik.<br>2. Du'nya ju'zi ma'mleketlerinde suwdın' pataslanıw derekleri.<br>3. Antropogen evtrofikatsiya qubilisin<br>4. Aqaba suwlardı mexanik, ximiyalıq, biologiyalıq ha'm basqa tazalaw usılları.<br>5. Aral ha'm Aral boyı mashqalaları. |
| **Oqıw sabag'ının' maqseti**: Talabalarg'a suw qatlamı-gidrosfera haqqında, Du'nya ju'zi ma'mleketlerinde ha'm O'zbekstanda suwdın' pataslanıw derekleri ha'm onın' aldın alıw jolları, Antropogen evtrofikatsiya qubilisi, Aral ha'm Aral boyı mashqalaların sheshiw jolları haqqında mag'lıwmat beriw. | |
| *Pedagogikalıq ma'seleleri:*<br>1. Gidrosfera haqqında tu'sinikke iye bolıw.<br>2. Du'nya ju'zi ma'mleket-lerinde suwdın' patasla-nıw dereklerin u'yreniw.<br>3.Antropogen evtrofikatsiya qubilisi ha'm onın' aldın alıw jolların biliw.<br>4.Aqaba suwlardı mexani-kalıq, ximiyalıq, bio-logiyalıq ha'm basqa tazalaw usılların u'yreniw.<br>5. Aral ha'm Aral boyı mashqalaların, onı sheshiw jolların biliw. | *Oqıtıw ha'reketinin' na'tiyjesi:*<br>1. Gidrosfera haqqında tu'sinikke iye bolıw.<br>2. Du'nya ju'zi ma'mleketlerinde suwdın' patasla-nıw dereklerin u'yrenedi.<br>3. Antropogen evtrofikatsiya qubilisi ha'm onın' aldın alıw jolların biledi.<br>4.Aqaba suwlardı mexanikalıq, ximiyalıq, bio-logiyalıq ha'm basqa tazalaw usılların u'yrenedi.<br>5. Aral ha'm Aral boyı mashqalaların, onı sheshiw jolların biledi. |
| *Oqıtıw usılları* | Lektsiya, vizual, tu'sindiriw, gu'rrin', diskussiya, slaydlar |
| *Oqıtıw jumısın sho'lkemlestiriw formaları* | Frontal , gruppalarg'a bo'liw |
| *Oqıtıw quralları* | Tarqatpa materiallar, plakat, qa'lem |
| *Oqıtıw sharayatları* | Arnawlı texnika a'spabları menen ta'miyinlengen auditoriyaları |
| *Monitoring ha'm bahalaw* | Tez tu'rde soraw, testler |

## Oqıw sabag'ının' texnologiyalıq u'lgi kartası

| **Basqıshlar, Ajıratılg'an waqıt** | **Jumıstın' mazmunı** | |
|---|---|---|
| | Oqıtıwshı | Talabanın' |
| **I basqısh.** Oqıtıw protsessine kirisiw (10 min) | 1.1. Lektsiya. Temanın' rejesi ha'm du'zilisine qaray oqıw protsessin sho'lkemlestiriw boyınsha ha'reket ta'rtibin aytıp o'tedi.<br>1.2. Tema boyınsha tiykarg'ı tu'siniklerdi, o'z betinshe islew ushın a'debiyatlar dizimin beredi | Tın'laydı, jazadı<br><br>Anıqlastıradı, sorawlar beredi. |
| **II basqısh** Tiykarg'ı bo'lim (65 min) | 2.1. Temanın' atın, maqseti ha'm ku'tiletug'ın na'tiyjelerin jetkeredi. Temanın' jobası ha'm o'zgeshelikleri menen tanıstıradı.<br>2.2. Gruppalarg'a bo'lemiz, ha'r gruppag'a bir mashqalanı taslap, ha'r gruppa o'zinin' pikirlerin bayan etedi. Tez tu'rde soraw-juwap, aqılıy hu'jim arqalı bilimlerin aktivlestiredi.<br>2.3. Oqıw protsessinde orınlang'an jumıslardı bahalaw kriteriyası ha'm ko'rsetkishleri menen tanıstıradı. | Juwap beredi, Jazadı<br><br>Toparlarda islesedi |
| **III basqısh Juwmaqlawshı** (10 min ) | 3.1.Tema boyınsha juwmaqlar shıg'aradı, studentlerdin' dıqqatın tiykarg'ı ma'selelerge ja'mleydi, professional xızmetinde islengen jumıslardın' a'hmiyetin ashıp beredi.<br>3.2.Toparlardın' jumısın bahalaydı, oqıw maqsetine erisiw da'rejesin analiz etedi.<br>3.3. O'z betinshe jumıs ushın tapsırma beredi ha'm onın' bahalaw ko'rsetkishleri, kriteriyaları menen tanıstıradı. | o'zin-o'zi, o'z-ara bahalaydı,<br><br>sorawlar beredi,<br><br>tapsırmaların jazadı |

## 1-qosımsha

Gidrosfera tu’sinigi, jer ju’zinde suwlardın’ jetispewshiligi ha’m pataslanıw mashqalaları haqqında aytıw. Suwlardı tazalaw usılların bayan qılıw. Ozbekstanda suwlardın’ pataslanıwı ha’m onın’ aldın alıw usılları haqqında tu’sinik beriw.

## 2-qosımsha

Jer ju’zindegi suw tamamlanbaytug’ın resurs bolıwına qaramastan insan tikkeley qollanıwı mu’mkin bolg’an suw zapasları ku’ta’ sheklengen. Gidrosferadag’ı barlıq suwlardın’ 96,5% du’nya okeanının’ shor suwlarına tuwrı keledi. Barlıq dushshı suwlardın’ u’lken bo’legi muzlıqlarda (1,73%) ha’m jer astı zapaslarında (1,70F) jaylasqan. Sonda aytıw kerek, jer astındag’ı suw zapasları anıq bahalang’an emes.

## 3-qosımsha

**Antopogen eftrofikatsiya qublisi** *degende* – suw obektleri onın’ quramında sapasın to’menletiwshi jat birikpelerdin’ birinsh gezekte azot, fosforli birikpeler menen pataslaniwi suwlardin’ “gu’llewi” tu’siniledi.

Suwlardı pataslawshı tiykarg’ı dereklerge-sanaat ka’rxanaları ha’m turmis xojalıqtan shıg’atug’ın ag’ım suwlar: neftti qayta islew ka’rxanalarında islep shıg’atug’ın suwlar: transprorttın’ taslandı suwları: qalalardan ha’mde ximiyalıq preparatlar ha’m sharwashılıq komplekslerinen ag’ıp shıg’atug’ın tazalanbag’an suwlar h.t.b. kiredi.

## 4-qosımsha

***Mineral pataslawshılar*** **-** o’simlik ha’m haywanlardın’ qaldıqları, adam ha’m haywanlardın’ fiziologiyalıq shıg’ındılarınan ibarat.

***Bakterial ha’m biologiyalıq pataslawshılar*** **-** tiykarınan maishiy ag’ım suwlarda bar.

Planetamızda suwlardın’ pataslanıwı na’tiyjesinde ha’r jılı 500 millionnan aslam adam tu’rli awır keselliklerge shalınadı.

# JUWMAQLAW

Ha`zirgi rawajlanıw da`wirinde respublikamızdın` sanaat, awıl-xojalıg`ı tarawlarının` na`tiyjeli rawajlandırıw ma`selesi tiykarınan alg`anda bul regiondag`ı ekologiyalıq jag`daylarg`a, sonın` ishinde suw dereklerine suw mug`darlarına ha`m suw sapasına tikkeley baylanıslı. Sonlıqtanda bul mashqalanı sheshiw maqsetinde suw dereklerin teren` ilimiy-izertlew jumısların alıp barıw bu`gingi ku`nnin` a`hmiyetli ma`selelerinin` biri.

Qaraqalpaqstan Respublikası geografiyalıq jaylasqan ornı boyınsha sho`ller zonasın iyelep agrar el esaplanadı, bul aymaqta a`sirese del`ta bo`liminde awılxojalıg`ı eginlerin jetistiriw A`miwda`r`ya suwı menen tıg`ız baylanıslı. Suwg`arılıp egiletug`ın zonada antropogen ta`sirler na`tiyjesinde u`lken o`zgerisler ju`zege kelmekte.

A`miwda`r`ya del`tasındag`ı suw ekosistemalarının` orayı bolg`an Da`r`yaaralıq oypatlıg`ı a`dewir da`rejede o`zgerdi. Bul aymaqta 1968-1980 jj suw saqlag`ısh payda boldı, onın` quramına Shege ko`li kirdi. Da`r`yaaralıq suw sisteması boyınsha suw qayta bo`listirildi.

Ko`ller maydanı klassifikatsiyasına sa`ykes Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshı u`lken ko`ller klasına kirip onın` maydanı 38,7 mın`g`a ha`m suw sıyımlılıg`ı 800 mln. m al eki qoltıq-ortasha klass ko`ller qatarında bolıp maydanı 9,7 ha`m Sarıbas 6,2 mın`g`a suw sıyımlıg`ı 161 ha`m 137 mln. m. Suw saqlag`ısh suw rejimi ha`zirge shekem turaqsız.

Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshı suw sapası en` baslı intikatorlıq ko`rsetkishler anıqlanıp baha berildi. Bular: suw duzlılıg`ı, pH ko`rsetkishi, tiykarg`ı ionlar, biogen elementlerden $NH_4^-$. $NO_2^-$. $NO_3^-$. $PO_4^3$. $O_2$. $BPK_5$.

Gidrobiologiyalıq monitoring o`tkeriwde usınıs etiletug`ın usıllardı qollanıw na`tiyjesinde suw ortalıg`ın qorg`awda cuw biotsenozlarına pataslawshı birikpelerdin` birikpeli ta`sirleri, suw ob`ektinin` ekologiyalıq jag`dayları ha`m pataslanıw derekleri, suwlardın` tropikalıq qa`siyetleri sıpatlandı.

Suw saqlag`ısh topıraq qatlamının` kuramı tiykarınan 0-0,5 sm teren`likte az

shorlang`an tiykarınan sul`fat ha`m kal`tsiy natriy duzları menen duzlılıqqa iye topıraq esaplanadı. 3-8 cm teren`likte bolsa dulıq mug`darı 7 esege kemeyip sul`fatlı xloridli natriy kal`tsiyli quramg`a iye bolıp o`zgeredi.

Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshının` suw sapasın ekologiyalıq sanitariyalıq ko`rsetkishler tiykarında bahalag`anımızda suwdag`ı rN $NH_4$ $NO_2$ $NO_3$ ko`rsetkishleri boyınsha az pataslang`an birinshi klass G`tazaG`, $PO_4$ $O_2$ permanganat okisleniw da`rejesi boyınsha birinshi b klass G`az pataslang`anG`, Biologiyalıq kislorod penen ta`miyinleniwi boyınsha ekinshi klass a G`pataslang`anG`, o`nimdarlıq ha`m destruktsiya ko`rsetikshleri boyınsha to`rtinshi klass a az pataslang`an da`rejelerde bahalandı.

Ekologiyalıq ko`rsetikshleri boyınsha Da`r`yaaralıq suw saqlag`ısh suwı sapasın bahalang`anda basım ko`pshilik waqıtlardag`ı pH ha`m kislorod ko`rsetkishleri boyınsha `taza` al qalg`an biogenlik ko`rsetikshler boyınsha pataslang`an ha`m ku`shli patalllang`an da`rejelerde anıqlandı. A`sirese nitrat ha`m ammoniyli azot mug`darları ko`p bolıp `pataslang`an` da`rejelerdi ko`rsetti.

Ballıq sistemada Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshı suw sapası Koli indeks, iyis, BPK ko`rsetkishleri boyınsha u`sh ballda, pH ha`m suwda erigen kislorod mug`darları boyınsha to`rt ballda, qalqındı birikpeler ha`m ulıwma duzlılıq boyınsha eki ballda ha`m bir ball mug`darında xloridler bahalandı.

Suw saqlag`ıshı ishimlik suw ma`qsetindegi suwı sapası ushın qoyılatug`ın talaplardan sonı biliwimizge boladı, olda bolsa suw mug`darları ko`p jıllarda birqansha salıstırmalı halda jaqsı bolıwı az pataslang`an da`rejede joqarı balda bahalanıwı ku`zetilse, al suw mug`darlar kem jıllarda bolsa suw sapası to`men, to`men ballda ha`m pataslang`an ha`m ku`shli pataslang`an suwlar qatarında bahalang`anlıg`ın joqarıda ko`rip o`ttik. Bunda suwlardın` o`zin o`zi tazalaw qublısın esapqa alıp o`tpewge bolmaydı, sebebi ha`r kanday suw deregi azlı kemli o`zin o`zi tazalanıw kublısına iye.

Juwmaqlastırıp aytqanda Da`r`yaaralıq suw saqlag`ıshı tek Qaraqalpaqstan Respublikası yamasa Oraylıq Aziyada g`ana kerkli bolg`an suw saqlag`ıshı bolıp qalmastan ba`lki biosfera ekosistemalarının` biri sıpatında ekologiyalıq jaqtan

tutqan ornı og`ada ullı ha`m bul suw saqlag`ıshın ha`r ta`repleme izertlew u`yreniw, suw ha`m biologiyalıq resursların saqlaw ha`m qorg`aw ilajları ha`zirgi zaman talabı.

## O`MIR QA`WIPSIZLIGI

O`zbekstan Respublikasi Ministrler Ken`esinin` 19.07.2011 j. №208 sanli «Xaliqti jer silkiniwler aqibetinde payda bolatug`in ayriqsha jag`daylarda (ta`biiy ha`m texnogen tu`rdegi) ha`reket etiwge tayarlaw kompleks da`stu`rin tastiqlaw hakkinda»g`i qarari, Joqari ha`m orta arnawli bilimlendiriw ministrliginin` 22.07.2011 j. №310 sanli buyrig`in basshiliqka alinip ha`m orinlaw maqsteinde A`jiniyaz atindag`i No`kis Ma`mleketlik pedagogika instituti rektorati buyrig`i (25.12.2012 j. №601 D/1) tiykarinda «O`mir qa`wipsizligi» pa`ni barliq ta`lim bag`darlari boyinsha talabalarg`a oqiw protsessinde u`yretiw ushin, magistrlik dissertatsiya jumisi ha`m bakalavr qa`nigelik pitkeriw jumislarin orinlawda pa`nnin` huqiqiy tiykarlari kirgizildi.

“Ja`miyette puxaralardin` huqiqlari ha`m erkinliklerin qorg`aw ta`miyinlengende ol haqiqiy, huqiqiy puxaraliq ja`miyet boladi. Ha`r bir adam o`z huqiqlarin aniq biliwi olardan paydalana aliwi, o`z huqiqi ha`m erkinliklerin qorg`ay aliwi lazim. Bunin` ushin da`slep ma`mleketimiz xalqinin` huqiqiy ma`deniyatin asiriw za`ru`r” (I. Karimov. O`zbekstan XXI  a`sirge umtilmaqta, 31 – bet).

XX a`sirdin` 60 – jillarinan baslap is ju`rgizip kelgen puxaraliq qorg`aniw sistemasinin` tiykarg`i waziypasi tinishliq da`wirinde ha`m uris jag`dayinda ma`mleket xalqin jalpi qirg`in qurallari ha`m basqa xu`jim qurallarinan qorg`aw, uris jag`dayinda xaliq xojalig`i obektlerinin` turaqli islewin ta`miyinlew ha`mde apatshiliq oshaqlarinda qutqariw ha`m tiklew jumislarin o`z waqtinda na`tiyjeli a`melge asiriwdan ibarat edi.

Biraq xaliq o`mirine tek jalpi qirg`in qurallari emes, ba`lkim basqa qa`wip – qa`terlerde qa`wip salmaqta, olardi na`zerden shette qaldiriw hasla mu`mkin

emes. Bular ta`biyiy, texnogen ha`m ekologiyaliq qa`siyetli ayriqsha jag`daylar bolip tabiladi.

1990–jillarg`a kelip yadro urisi qa`wipi kemeyip, biologiyaliq qurallardan paydalaniw sheklep qoyildi, jan`a – zamanago`y qural tu`rleri oylap tabildi, olar adamlar ushin qa`wipli bolmay, ba`lki ekonomikaliq obektlerdi isten shig`ariwg`a qaratilg`an edi. Bulardin` barlig`i puqaraliq qorg`aniw sistemasi orninda jan`a bir sistema du`ziliw kerekligin da`llilep berdi.

Puqaraliq qorg`aniw ornin iyelewi mu`mkin bolg`an iri ko`lemdegi ayriqsha jag`daylarg`a a`welden tayarliqti ta`miyinlewshi jan`a arnawli ma`mleket sistemasi iyelewi, ol tinishliq ha`mde uris da`wirinde xaliqti ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`awi lazim edi. Bul sistema xaliqti ayriqsha jag`daylardan qorg`aw ha`m qutqariw jumislarin o`tkerip qoymay, basqa a`hmiyetli ilajlardi: ta`biyiy apatlardan qa`wipli aymaqlar kartalarin du`ziw, seysmikaliq bekkem bina ha`m imaratlardi quriw, qisqa, orta ha`m uzaq mu`ddetli boljaw jumislarin sho`lkemlestiriwi ha`m xaliq tayarlig`in a`melge asiriwi lazim edi.

Usi orinda ja`ne bir ma`seleni aydinlastirip aliwg`a tuwra keledi. Ayriqsha jag`day degen ne, onnan xaliqti ha`m aymaqlardi qorg`aw degende neni na`zerde tutiwimiz kerek?

Ayriqsha jag`day – adamlar qurban boliwi, olardin` den sawlig`i yaki qorshag`an ortaliqqa ziyan tiyiwi, materialliq shig`inlar keltirip shig`iliwi ha`mde adamlardin` turmis sharayatinin` izden shig`iwina alip keliwi mu`mkin bolg`an yaki alip kelgen avariya, apatshiliq, qa`wipli ta`biyg`iy ha`diyse yaki basqa ta`biyiy apatshiliq na`tiyjesinde belgili bir aymaqta ju`zege kelgen jag`day.

Xaliqti ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`aw – ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m olardi saplastiriw ilajlari, usillari, qurallar sistemasi, ha`reketler birlesigi.

Ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw – aldin ala o`tkerilip, ayriqsha jag`daylar ju`z beriwi qa`wipin mu`mkinshiligi bolg`ansha kemeytiwge, bunday jag`daylar ju`z bergen ta`g`dirde bolsa adamlar den sawlig`in saqlaw, qorshag`an ta`biyiy

ortaliqqa tiyetug`in ziyan ha`m materialliq shig`inlar mug`darin kemeytiwge qaratilg`an ilajlar kompleksi.

Ayriqsha jag`daylardi saplastiriw – ayriqsha jag`daylar ju`z bergende o`tkerilip, adamlar o`miri ha`m den sawlig`in saqlaw, qorshag`an ta`biyiy ortaliqqa tiyetug`in ziyan ha`m materialliq shig`inlar mug`darin kemeytiwge, sonday – aq ayriqsha jag`daylar ju`z bergen zonalardi shen`berge alip, qa`wipli faktorlar ta`sirin toqtatiwg`a qaratilg`an avariya – qutqariw jumislari ha`m basqa keshiktirip bolmaytug`in basqa jumislar kompleksi.

Xaliqti ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawinda qoyilg`an en` tiykarg`i jumislardin` biri–da`slep Qorg`aniw ministrligi qasinda puqaraliq qorg`aniw ha`m ayriqsha jag`daylar basqarmasinin`, son` usi basqarma tiykarinda O`zbekstan Respublikasi Prezidentinin` 1996 jil 4 marttag`i PF–1378 Buyrig`i menen Ayriqsha jag`daylar ministrliginin` du`ziliwi boldi.

Ministrlik is ju`rgize baslag`annan son` xaliqti ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawinin` huqiqiy tiykarin du`ziwshi bir qatar nizam ha`m qararlar qabil etildi.

*O`zbekstan Respublikasi nizamlari:*

Xaliqti ha`m aymaqlardi ta`biyiy ha`m texnogen qa`siyetli ayriqsha jag`daylardan qorg`aw haqqinda (1999 jil 20 avgust) – 5 bo`lim ha`m 27 stat`yadan ibarat. Nizam xaliqti ha`m aymaqlardi ta`biyiy ha`m texnogen qa`siyetli ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawindag`i sotsial mu`na`sibetlerdi ta`rtipke saladi ha`m ayriqsha jag`daylar ju`z beriwi ha`m rawajlaniwinin` aldin aliw, ayriqsha jag`daylar keltiretug`in shig`inlardi azaytiw ha`m ayriqsha jag`daylardi saplastiriwdi maqset etip qoyadi.

Puxaraliq qorg`aniw haqqinda (2000 jil 26 may) – 4 bo`lim ha`m 23 stat`yadan ibarat. Usi nizam puxaraliq qorg`aniw tarawindag`i tiykarg`i waziypalardi, olardi a`melge asiriwdin` huqiqiy tiykarlarin, ma`mleket organlarinin`, birlespe ha`m sho`lkemlerdin` wa`killiklerin, O`zbekstan Respublikasi puxaralarinin` huqiqlari ha`m ma`jbu`riyatlarin, sonday – aq puxaraliq qorg`aniw ku`shleri ha`m qurallarin belgileydi.

Adamnin` immunitet jetispewshiligi virusi menen keselleniwinin` aldin aliw haqqinda (1999 jil 19 avgust) – 13 stat`ya. Nizamda AIJS keselliginin` aldin aliw tarawindag`i ma`mleketlik ta`miyinlew, kesellıktin` aldin aliw boyinsha jumislardi qarji menen ta`miyinlew, puxaralardin` ha`m ma`jbu`riyatlarina tiyisli ma`seleler ko`rsetilgen.

Gidrotexnika inshaatlarinin` qa`wipsizligi haqqinda (1999 jil 20 avgust) – 15 stat`ya. Usi nazimnin` maqseti gidrotexnika inshaatlarin joybarlastiriw, quriw, paydalaniwg`a tapsiriw, olardan paydalaniw, olardi rekonstruktsiya qiliw, tiklew, konservatsiyalaw ha`m tamamlawda qa`wipsizlikti ta`miyinlew boyinsha iskerligin a`melge asiriwda ju`zege keletug`in mina`sibetlerdi ta`rtipke saliw bolip tabiladi.

Awil xojaliq o`simliklerin ziyankesler, kesellikler ha`m jabayi ot - sho`plerden qorg`aw haqqinda (2000 jil 31 avgust) – 28 stat`ya. Usi nazimnin` maqseti awil xojaliq o`simliklerin ziyankesler, kesellikler ha`m jabayi ot - sho`plerden qorg`awdi ta`miyinlew, o`simliklerdi qorg`aw qurallarinin` adam den sawlig`ina, qorshag`an ta`biyiy ortaliqqa ziyanli ta`sirinin` aldin aliw menen baylanisli qatnaslardi ta`rtipke saliwdan ibarat.

Radiatsiyaliq qa`wipsizlik haqqinda (2000 jil 31 avgust) – 5 bo`lim ha`m 28 stat`yadan ibarat. Nizamnin` maqseti radiatsiyaliq qa`wipsizlikti, puxaralar o`miri, den sawlig`i ha`m mal – mu`lki, sonday – aq, qorshag`an ortaliqti ionlastiriwshi nurlaniwdin` ziyanli ta`sirinen qorg`awdi ta`miyinlew menen baylanisli qatnaslardi ta`rtipke saliwdan ibarat.

Terrorizmge qarsi gu`res haqqinda (2000 jil 15 dekabr) – 6 bo`lim ha`m 31 statyadan ibarat. Usi nizamnin` maqseti terrorizmge qarsi gu`res tarawindag`i qatnaslardi ta`rtipke saliwdan ibarat. Nizamnin` tiykarg`i waziypalari shaxs, ja`miyet ha`m ma`mlekettin` suverenitetin ha`m aymaqliq pu`tinligin qorg`aw puxaralar tinishlig`i ha`m milliy tatiwliqti saqlawdan ibarat.

Qa`wipli islep shig`ariw obektlerinin` sanaat qa`wipsizligi haqqinda (2006 jil 28 sentyabr`) – 23 stat`ya. Nizamnin` maqseti qa`wipli islep shig`ariw obektlarinin` sanaat qa`wipsizligi tarawindag`i qa`tnaslardi ta`rtipke saliwdan

ibarat.

O`zbekstan Respublikasi MK (1997 jil 27 dekabr`) №558-sanli qarari «O`zbekstan Respublikasinda ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m olarda ha`reket etiwde ma`mleketlik dizimi haqqinda»g`i qarari menen biykar etilip bul qarar qaytadan 2011 jil 24 avgustta O`zbekstan Respublikasi MK №242-sanli «O`zbekstan Respublikasinda ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m olarda ha`reket etiwdin` ma`mleketlik dizimi jumislarin bunnan bilay jetilistiriw» haqqinda qarari menen toliqtirilip qayta shiqti.

O`zbekstan Respublikasi (2011 jil 19 iyul`) №208-sanli qarari «Xaliqti jer silkiniwler na`tiyjesinde payda boliw mu`mkin bolg`an ayriqsha jag`daylarda (ta`biiy ha`m texnogen) ha`reket etiwge u`yretiwdin` kompleks da`stu`rin tastiyiqlaw» haqqinda qarari tiykarinda barliq orinlarda ayriqsha jag`daylarda ha`reket etiyadin` kompleks da`sturleri islenip shig`ilip, oqiw mashqulatlari alip barilmaqta.

*O`zbekstan Respublikasi Prezidentinin` qarari:*

Tasqinlar, sel ag`imlari, qar ko`shiw ha`m jer ko`shkisi ha`diyseleri menen baylanisli ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m olardin` aqibetlerin toqtatiw barisindag`i – ilajlar haqqinda (2007 jil 19 fevral, PQ – 585 – sanli). Tasqinlar, sel ag`imlari, qar ko`shiw ha`m jer ko`shki ha`diyseleri menen baylanisli jumislardi o`z waqtinda ha`m na`tiyjeli sho`lkemlestiriw, sonday – aq olardin` aqibetlerin tezlik penen toqtatiw maqsetinde qabil etilgen.

*O`zbekstan Respublikasi Ministrler Kabinetinin` qararlari:*

O`zbekstan Respublikasi Ayriqsha jag`daylar ministrliginin` jumisin sho`lkemlestiriw ma`seleleri haqqinda (1996 jil 11 aprel, 143 – sanli). Qararg`a «O`zbekstan Respublikasi Ayriqsha jag`daylar haqqinda»g`i Nizam qosimsha etilgen. Ayriqsha jag`daylar ministrliginin` tiykarg`i waziypalari, huqiqlari keltirilgen.

O`zbekstan Respublikasi Ayriqsha jag`daylarda olardin` aldin aliw ha`m ha`reket etiw ma`mleketlik sistemasi haqqinda (1997 jil 23 dekabr, 558 - sanli). Qarar menen O`zbekstan Respublikasi Ayriqsha jag`daylarda olardin` aldin aliw

ha`m ha`reket etiw ma`mleketlik sistemasi (AJMS) haqqindag`i Nizam ha`m onin` du`zilisi tastiyiqlang`an, ministrlik ha`m idaralardin` xaliq ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`aw boyinsha funktsiyalari keltirilgen.

O`zbekstan Respublikasi xalqin ayriqsha jag`daylardan qorg`awg`a tayarlaw ta`rtibi haqqinda (1998 jil 7 oktyabr 427 – sanli). Qarar ma`mleket xalqin ha`m aymaqlarin ta`biyiy ha`m texnogen qa`siyetli ayriqsha jag`daylardan qorg`aw sistemasin rawajlandiriw maqsetinde qabil etilgen. Qararg`a qosimsha keltirilgen «Xaliqti ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawinda tayarlaw ta`rtibi haqqinda»g`i Nizam O`zbekstan Respublikasi xalqin ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawinda, sonday – aq ayriqsha jag`daylarda ha`reket etiwge tayarliqtan o`tip atirg`an xaliq toparlarin tayarlawdin` tiykarg`i waziypalarin, tu`rleri ha`m usillarin belgileydi.

Ta`biyiy, texnogen ha`m ekologiyaliq qa`siyetli ayriqsha jag`daylardin` sipatlamasi haqqinda (1998 jil 27 oktyabr, 455 – sanli). Qarar menen tastiyiqlang`an sipatlamag`a muwapiq ayriqsha jag`daylar ju`zege keliw sebeplerine ko`re texnogen, ta`biyiy ha`m ekologiyaliq qa`siyetli, usi jag`daylarda ziyan kergen adamlar sanina, materialliq ziyanlar mug`darina ha`m ko`lemlerine qarap lokal, jergilikli, respublika ha`m transsshegarali tu`rlerge bo`linedi.

O`zbekstan Respublikasinda adamlar ha`m haywanlardin` qutiriw keselligine qarsi gu`resti ku`sheytiw ilajlari haqqinda (1996 jil 18 yanvar, 32 – sanli). Adamlar ha`m haywanlardin` qutiriw keselligine qarsi gu`res ilajlarinin` na`tiyjeligin asiriw, sonday – aq xaliq jasaw orinlarinda iyt, pishiq ha`m basqa u`y haywanlarin ta`rtipke  saliw maqsetinde qabil etilgen.

G`alaba xaliqliq ilajlardi o`tkeriw qag`iydalarin tastiyiqlaw haqqinda (2003 jil 13 yanvar, 15 – sanli). O`zbekstan Respublikasi aymag`inda g`alaba xaliqliq ilajlar o`tkeriliwi waqtinda ja`ma`a`t qa`wipsizligin ta`miyinlew ha`m ta`rtibin qorg`aw maqsetinde qabil etilgen.

Ayriqsha jag`daylardi boljaw ha`m aldin aliw Ma`mleket da`stu`rin tastiyiqlaw haqqinda (2007 jil 3 aprel, 71 – sanli). Ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m aqibetlerin saplastiriw tarawinda alip barilip atirg`an jumislar

o`nimliligin asiriw maqsetinde qabil etilgen.

Joqarida ko`rsetilgen huqiqiy hu`jjetler tiykarinda oqiw protsessinde talabalarg`a “O`mir qa`wipsizligi” pa`ninin` barliq bag`darlari boyinsha ken` ma`niste tu`sinikler berildi.

## PAYDALANIL”AN A`DEBİYaTLAR


1. Abakumov V.A. Rukovodstvo po gidrobiologicheskomu monitoringu presnovodnıx ekosistem. L. Gidrometeoizdat, 1992. 318.

2. Abdirov Ch.A.,Konstantinova L.G., Kurbanbaev E.K.,Konstantinova G.G. Kachestvo poverxnostnıx vod nizov`ev Amudar`i v usloviyax antropogennogo preobrazovaniya presnovodnogo stoka. Tashk. FAN, 1996. 112 s.

3. Abdullaev U.V. Vodno-solevoy balans basseyna Aral`skogo morya Problemı osvoeniya pustın`. 1998. 3-4. S. 151-156.

4. Agadjanyan N.A. Ekologiya cheloveka problemı Priaral`ya i zdorov`e naseleniya. Nukus, 1991. -S. 8-11.

5. Akramov Z.M., Rafikov A.A. Proshloe, nastoyashee i budushee Aral`skogo morya. T. MEXNAT, 1990. -132 s.

6. Alimov A.F. Vvedenie v produktsionnuyu gidrobiologiyu. L.Gidrometeoizdat, 1989. 152 s.

7. Atanazarov K.M., Li T. P. Osobennosti gidroekologicheskogo sostoyaniya Yujnogo Priaral`ya V mat. tez. mejd. konf. Problemı i perspektivı biologii, ekologii i agrozemledel`cheskiy nauki. T., 2001. s. 121-125.

8. Ataniyazova O.A., Konstantinova L.G., Matsapaeva İ.V., Mambetullaeva S. M., Atanazarov K.M. Nekotorıe aspektı korrelyatsionnoy zavisimosti mejdu mikroelementami v pit`evoy vode v issleduemıx rayonax Respubliki Karakalpakstan. //VESTNİK//. 1998. -N3. c.4-6.

9. Baxiev, D Xojaniyazov, D.Eshimbetov Biosfera tirishilik tiykarı. No`kis 1995 j

10. Vinberg G.G Uspexi limnologii i gidrobiologicheskie metodı kontrolya kachestva vnutrennıx vod. V kn. Nauchnıe osnovı kontrolya kachestva vod po gidrobiologicheskim pokazatelyam. L. Gidrometeoizdat, 1981. c. 17-45.

11. Vremennıe metodicheskie rekomendatsii po raschetu vınosa organicheskix i biogennıx veshestv, pestitsidov i mikroelementov rechnım stokom. M. Gidrometeoizdat, 1983 -32.

12. Grigor`ev A.A. Antropogennıe vozdeystviya na prirodnuyu sredu po nablyudeniyam iz kosmosa. L. 1985 g.

13. GOST 17.1.5.04.-81. Oxrana prirodı. Gidrosfera. M. İzd-vo standartov, 1980.-13 s.

14. GOST 2874-82. Voda pit`evaya. Gigienicheskie trebovaniya i kontrol` za ix soblyudeniem. M. Gidrometeoizdat,1980 -17 s.

15. Djamankaraev S.D. Uluchshenie ekspluatatsii orositel`nıx sistem respubliki Karakalpakstan. Nukus., Karakalpakstan, 1993. -248 s.

16. Diagnosticheskiy dokument. Sovremennoe sostoyanie prirodı, naseleniya i xozyaystva basseyna Aral`skogo morya. YuNEP. -M. 1991. 107s.

17. Eshimbaev D., Chembarisov E.İ. İzmenenie ximicheskogo sostava vodı Amudar`i v usloviyax zaregulirovannogo stoka Ekologicheskie problemı Priamudar`inskogo regiona. Tez.dokl. mejd. konf. -Buxara, 1995. -24-26.

18. İzrael` Yu.A., Anoxin Yu.A. Monitoring ekologo- klimaticheskix izmeneniy v basseyne Aral`skogo morya Problemı osvoeniya pustın`. -1998. N3-4. -5-7.

19. Jakıpova A.J., Konstantinova L.G., Matsapaeva İ.V. Solevoy sostav pit`evıx vod Severo-zapadnogo ekonomicheskogo rayona Yujnogo Priaral`ya //Vestnik//. 1999. 6. -12-14.

20. İl`inskiy İ.İ. Osnovnıe gigienicheskie problemı vodosnabjeniya oxranı vodoistochnikov v Priaral`e. -Nukus,1991. -112-147.

21. Kogan Sh.İ. Gidrobiologiya vodoemov Turkmenistana. Ashxabad, ILIM, 1999. -241 s.

22. Konstantinova L.G., Zatınayko İ.A., Shpeleva N.N., Filippova A.V.

Raspredelenie mikroelementov v poverxnostnıx vodax nizov`ev Amudar`i // VESTNİK. 1994. N1. 19-23.

23. Kurbanbaev E., Kurbanbaev S. Vodnıe resursı Yujnogo Priaral`ya i ix ispol`zovanie. //Vestnik//. -2001. -3. -8-11

24. L`vovich M.İ. Voda i jizn`. M. Mısl`, 1986. -286s.

25. Matchanov A.T Kosnazarov.K.A i dr. Sovremennıe rekomendatsiy po predotvrasheniyu otritsatel`nıx vliyanii. Nukus, 2006.

26. Nasrulin A.B. İssledovanie zakonomernostey prostranstvenno-vremennogo raspredeleniya zagryaznyayushix veshestv v vode reki Amudar`i. Avtoref. dis.. kand. geogr. nauk. T. 1996. 25 s.

27. Novikov Yu.V., Lastochkin K.O., Boldina E.N. Metodı issledovaniya kachestva vodı vodoemov. M. Meditsina, 1990. 400s.

28.Posobie po monitoringu kachestva vodı v stranax Tsentral`noy Azii i Kazaxstane. Proekt regional`noy pomoshi v Priaral`e. ASPERA. UNICE. -M, Ekologiya. 1995. 76 s.

29. Razakov R.M. Aral  i Priaral`e problemı i resheniya. T. 1992. 210 s.

30. Razakov R.M., Kosnazarov K.A. Migratsiya soley i toksikantov v Priaral`ya Problemı osvoeniya pustın`. -1998. -N3-4. -63-69.

31. Rafikov A.A., Tetyuxin G.F. Snijenie urovnya Aral`skogo morya i izmenenie prirodnıx usloviy nizov`ev Amudar`i. T. FAN, 1981. -200 s.

32. Reymov R.R., Konstantinova L.G. Ekologicheskaya xarakteristika Priaral`ya i prostranstvennaya defferentsiya ego territoii kak zonı ekologicheskogo bedstviya. Vestnik KKO AN RUz. Nukus, 1992 N2, c. 3-8.

33. Rukovodstvo po metodam gidrobiologicheskogo analiza poverxnostnıx vod i donnıx otlojenii. Pod red. A.Abakumova. L. Goskomgidromet, 1983. 230 s.

34. Spravochnik po ochistke prirodnıx i stochnıx vod. M Vısshaya shkola, 1994. 336 s.

35. Stroganov N.S., Buzinova N.S. Prakticheskoe rukovodstvo po gidroximii. M. MGU, 1980 196 s.

36. Tal`skix V.N. Gidrobiologicheskaya klassifikatsiya prirodnıx vod. Tr.

SANİİGMİ. -T. 1993. c. 46-53.

37. Urazbaev J.K., Chembarisov E.İ. İspol`zovanie kompleksnogo kartografirovaniya rechnıx basseynov yugo-zapadnoy chasti Uzbekistane pri sostavlenii serii gidroximicheskix kart. Vodnıe problemı aridnıx territorii. T. FAN, 1993. S. 64-70.

38. Chembarisov E.İ., Lesnik Yu.N., Alimova D.Sh. Ot verxov`ev do nizov`ev Ekologicheskiy vestnik Uzbekistana. 1997. N 3. S.21-26.

39. Chembarisov E.İ., Atanazarov K.M., Lesnik T.Yu., Ranneva M.V. Gidroekologicheskie sostoyanie basseyna Amudar`i //Vestnik//. N5. -S. 14-17.

40. Shadimetov Yu.Sh. Regional`nıe problemı sotsial`noy ekologii. T. Uzbekistan, 1992. 110 s.

41. www/uznature.uz

42. www/spb.uz

43. www/floranimal.ru

44. www/sreda.uz

45. www/tugay.uz

A`jiniyaz atındag`ı No`kis Ma`mleketlik Pedagogika institutı Ta`biyattanıw ha`m geografiya fakul`teti 5140400 Biologiya ta`lim bag`darı 4 a kurs Qayratdinova Bibinaz Qayratdin qizinın` «Qaraqalpaqstan suw ob`ektlerinde antropogen evtrofikatsiya qubilisi ha`m mekteplerde oqitiw sho`lkemlestiriw» atamısındag`ı pitkeriw qa`nigelik jumisina

**PIKIR**

Respublikada ju`zege kelgen ekologiyalıq jag`daydın` keskinlesiwine baylanıslı ja`miyetimizdin` o`ndirislik qatnasıqları rawajlanıwı, xalıqtın` sotsial-ekonomikalıq turmısı, den-sawlıq qorshag`an ortalıq ta`biyiy baylıqları sonın` ishinde suw resursların qorg`aw ha`m onnan u`nemli aydalanıw bu`gingi ku`nnin` a`hmiyetli wazıypalarının` biri bolıp qalmaqta.

Suw qorların qorg`aw ha`m onnan aqılg`a muwapıq paydalanıw ma`selesi ko`p jaqlı mashqala bolıp, o`z ishine texnikalıq, sotsiallıq-ekonomikalıq, den-sawlıq, bioekologiyalıq ilajlardı qamtıydı.

Pitkeriwshi Qayratdinova Bibinazdın` pitkeriwshilik qa`niygelik jumısı respublikamızdag`ı suw dereklerin u`nemli paydalanıw, olardı qorg`aw ha`m pataslanıwının` aldın alıw ha`m suw temasın mektep oqıtıwshılarında o`tilgende antropogen evtrofikatsiya qublısı haqkında tu`siniklerdi oqıtıw usılların sho`lkemlestiriw ma`selesine arnalg`an. A`sirese A`miwdar`yanın` to`mengi jag`alawlarındag`ı antropogen evtrofikatsiya qublısları olardın` ha`r qıylı suw kategogriyalarındag`ı o`zgeshelikleri haqqında ken` mag`lıwmatlar berilgen.

Ol bul jumısta respublika aymag`ındag`ı suw resursların da`r`ya, magistral kanallar, kollektor tarmaqları ha`m basqada suw saqlag`ıshlardı ha`r qıylı texnikalıq ha`m antropogen pataslawdan qorg`aw ma`seleleri haqqında ha`m mektep oqıtıwshılarda ekologiyalıq ta`rlim-ta`rbiyanı qa`liplestiriw ma`selelerin jan`a pedagogikalık texnologiyalardan paydalang`an halda sheshiw usılları bayanlang`an.

B.Q.Qayratdinovanın` pitkeriwshilik qaniygelik jumısı kirisiw, bes baptan, juwmaqlaw ha`m paydalanılg`an a`debiyatlar diziminen ibarat. Onda jergilikli avtorlardın` pikir ha`m maqalaları orınlı paydalang`an.

Juwmaqlap aytqanda, Qayratdinova Bibinaz Qayratdin qizinın` «Qaraqalpaqstan suw ob`ektlerinde antropogen evtrofikatsiya qubilisi ha`m mekteplerde oqitiw sho`lkemlestiriw» atamısındag`ı pitkeriw qa`nigelik jumisi ushın qoyılatug`ın talaplarg`a tolıq juwap beredi ha`m jaqlawg`a usınıs etemen.

İlimiy basshı
A`jiniyaz atındag`ı NMPİ
Ta`biyattanıw ha`m geografiya fakul`teti
Zoologiya kafedrası baslıg`ı, b.i.k. Q.Atanazarov

A`jiniyaz atındag`ı No`kis Ma`mleketlik Pedagogika institutı Ta`biyattanıw ha`m geografiya fakul`teti 5140400 Biologiya ta`lim bag`darı 4 a kurs Qayratdinova Bibinaz Qayratdin qizinın` «Qaraqalpaqstan suw ob`ektlerinde antropogen evtrofikatsiya qubilisi ha`m mekteplerde oqitiw sho`lkemlestiriw» atamısındag`ı pitkeriw qa`nigelik jumisina

SIN

Ha`zirgi wakıtta ekologiyalıq jag`daylardın` keskinlesiwi jag`dayında biosferanın` komponenleri, biosfera ekosistemalarındag`ı o`zgerisler, pataslanıwlar aqıbetleri organizmlerdegi, sonday-aq adam organizmindegi biyimlesiwler nızamlıqların, adamzat ja`miyetinin` jan`a basqıshı noosferag`a o`tiw tiykarların u`yreniw za`ru`rligi keltirilip o`tilgen.

Adamzat ha`m barlıq tiri organizmler jasaw ortalıg`ı menen tikkeley baylanısta boladı. Ha`zirgi waqıtta tiykarg`ı ekologiyalıq jag`daydın` keskinlesiwi aqıbetinde ortalıq komponentlari, biosfera ekosistemalardag`ı o`zgerisler, pataslanıwlar na`tiyjesinde organizmlerdegi (mikroorganizmler, o`simlik, xaywanlar) sonday-aq adamlardag`ı morfofiziologiyalıq biyimlesiwler nızamlıqlar tiykarında usı kurstı u`yrenip oqıwshılar ta`repinen o`zlestiriw u`lken a`hmiyetke iye.

Pitkeriwshi Qayratdinova Bibinazdın` pitkeriwshilik qa`niygelik jumısı respublikamızdag`ı suw dereklerin u`nemli paydalanıw, olardı qorg`aw ha`m pataslanıwının` aldın alıw ha`m suw temasın mektep oqıtıwshılarında o`tilgende antropogen evtrofikatsiya qublısı haqkında tu`siniklerdi oqıtıw usılların sho`lkemlestiriw ma`selesine arnalg`an. A`sirese A`miwdar`yanın` to`mengi jag`alawlarındag`ı antropogen evtrofikatsiya qublısları olardın` ha`r qıylı suw kategogriyalarındag`ı o`zgeshelikleri haqqında ken` mag`lıwmatlar berilgen.

Ol bul jumısta respublika aymag`ındag`ı suw resursların da`r`ya, magistral kanallar, kollektor tarmaqları ha`m basqada suw saqlag`ıshlardı ha`r qıylı texnikalıq ha`m antropogen pataslawdan qorg`aw ma`seleleri haqqında ha`m mektep oqıtıwshılarda ekologiyalıq ta`rlim-ta`rbiyanı qa`liplestiriw ma`selelerin jan`a pedagogikalık texnologiyalardan paydalang`an halda sheshiw usılları bayanlang`an.

B.Q.Qayratdinovanın` pitkeriwshilik qaniygelik jumısı kirisiw, bes baptan, juwmaqlaw ha`m paydalanılg`an a`debiyatlar diziminen ibarat. Onda jergilikli avtorlardın` pikir ha`m maqalaları orınlı paydalang`an.

Juwmaqlap aytqanda, Qayratdinova Bibinaz Qayratdin qizinın` «Qaraqalpaqstan suw ob`ektlerinde antropogen evtrofikatsiya qubilisi ha`m mekteplerde oqitiw sho`lkemlestiriw» atamısındag`ı pitkeriw qa`nigelik jumisi ushın qoyılatug`ın talaplarg`a tolıq juwap beredi ha`m jaqlawg`a usınıs etemen.

O`zbekstan İlimler akademiyası
Qaraqalpaqstan bo`limi
Qaraqalpaq ta`biyat ilimleri
İlimiy-izertlew institutı,
laboratoriya baslıg`ı, b.i.k. Matjanova X.Q.

A`jiniyaz atındag`ı No`kis Ma`mleketlik Pedagogika institutı Ta`biyattanıw ha`m geografiya fakul`teti 5140400 Biologiya ta`lim bag`darı 4 a kurs Qayratdinova Bibinaz Qayratdin qizinın` «Qaraqalpaqstan suw ob`ektlerinde antropogen evtrofikatsiya qubilisi ha`m mekteplerde oqitiw sho`lkemlestiriw» atamısındag`ı pitkeriw qa`nigelik jumisinin’

## ANNOTATSIYASI

**Temanın` aktuallıg`ı, zamanago`yligi.** Keyingi jıllarda Oraylıq Aziya respublikalarının` A`miwda`r`ya suwınan u`nemsiz paydalanıwı awıl-xojalıg`ı egislik jer maydanlarınan shıg`arılg`an suw mug`darlarının` da`r`yag`a qayta taslanıwı keskin da`rejede o`sti. Da`r`yanın` to`mengi bo`limlerinde, a`sirese Qaraqalpaqstan Respublikasında suw tamtarıslıg`ı mashqalası ku`sheyip, unamsız aqıbetlerge sebep boldı.

Keyingi jıllarda Tu`slik Aralboyı regionı qorshag`an ortalıg`ı ondag`ı baylıqlarınnan durıs ha`m u`nemli paydalanıw, patalanıwlardın` aldın` alıw en` baslı wazıypalardan biri bolıp qelmekte. A`sirese jergilikli ta`biyiy ortalıqtın` jag`dayların bahalaw ta`biiy ha`m adamlar iskerligi aqıbetinde buzılıslarg`a ushırap atırg`an ortalıqtı qayta tiklew, adamlar den-sawlıg`ın sotsiallıq qorg`aw, sonday-aq o`simlik ha`m haywanat ha`rtu`rliligin saqlap qalıw ma`seleleri og`ada a`hmiyetli bolıp turıptı.

Song`ı jıllarda ekologiyalıq jag`day birqansha turaqlasqanı menen onın` ayrım elementlerge a`sirese biologiyalıq, sotsiallıq, meditsinalıq ha`m basqada tarmaqlarınanda ekologiyalıq jag`daylardın` keskinlesiwi dawam etpekte. A`sirese suw tamtarıslıg`ı menen baylanıslı bir qansha awır aqıbetli jag`daylar ju`zege keldi.

A`sirese da`r`ya to`mengi bo`liminde jasawshı adamlardın` ishimlik suwı sapası bir qansha da`rejede to`menledi. Al bul jerde jaylasqan ko`plegen ko`l jayılımları kanal ha`m basqada suw ob`ektleri, sonday-aq onda tirishilik etetug`ın o`simlik ha`m haywanat a`lemi o`zgerislerge ushıradı. Sol sebepli ju`z bergen mashqalalardı teren` u`yreniw ha`m analiz etiw ha`zirgi ku`nnin` baslı ma`selelerinin` birine aylandı.

**Pitkeriw qa`niygelik jumıstın` maqseti ha`m wazıypaları:** ilimiy jumıstın` tiykarg`ı maqseti qaraqalpaqstan respublikasının` Qaraqalpaqstan suw ob`ektlerinde antropogen evtrofikatsiya qubilisi ha`m mekteplerde oqitiw sho`lkemlestiriw ma`selesine qaratılg`an.

Bul qoyılg`an maqsetten kelip shıqqan halda dissertatsiyag`a to`mendegi wazıypalar qoyıldı:

- Respublikanın` suw resursların analiz etiw;
- A`miwda`r`ya basseyninde suw mug`darın suw sapa ko`rsetkishleri tiykarında baylanısın analizlew;
- Antropogen evtrofikatsiya qublısı ha`m suw ekosistemalarındag`ı o`zgerisleri;
- Ko`p jıllıq mag`lıwmatlar tiykarında alıng`an suw sapasının` o`zgeriwi, tiykarg`ı ta`sir etetug`ın faktorlardı u`yreniw;
- Mekteplerde suw sapası, antropogen evtrofikatsiya qublısı haqkında sabaq o`tiwdi sho`lkemlestiriw;

**İzertlew predmeti ha`m ob`ekti**: İzertlew predmeti Qaraqalpaqstan Respublikası aymag`ında jaylasqan da`r`ya, kanallar, ko`ller, kollektor-drenaj suwları, suw saqlag`ıshlar suw sapasına antropogen evtrofikatsiya qublısları o`zgeshelikleri ha`m mekteplerde suw sapası, antropogen evtrofikatsiya qublısını boyınsha sabaq o`tiwdi sho`lkemlestiriw.

**İzerlewdi alıp barıw usılları:** Suw u`lgileri ha`m olardın` analizleri tiykarınan ulıwma qabıl etilgen metodikalıq ko`rsetpeler tiykarında suw sapasın anıqlaw. Ko`pshilik ta`jiriybelik jumısları laboratoriyalıq jag`dayda O`zR İA Qaraqalpaqstan bo`limi Bioekologiya institutı laboratoriyalarında qa`niygeler menen birgelikte alıp barıldı.

Respublikamızdın` bir qansha ilim izertlew ha`m basqada ka`rxana, sho`lkemleri ta`repinen suw ob`ektleri izertlenip kelmekte biraq bul izertlewler juwmaqları tek esabatlar tiykarında toplanıp olardın` tiykarg`ı bag`darları olardın` juwmaqları haqkında mekteplerde suw ha`m suwg`a jaqın bolg`an temalar o`tilgende, antropogen ta`sirler antropogen evtrofikatsiya qublısları haqkında tu`sinik berip barıw jas a`wladtın` ekologiyalıq ta`lim ta`rbiya, ekologiyalıq ma`deniyattın`, ekologiyalıq sananın` artıwında a`xmiyetli orın iyelegen bolar edi. Sebebi bizin` Qaraqalpaqstan sharayatında suw resursları sheklengen resurslar qatarında bolıp suwlardı qorg`aw, pataslanıwlardın` aldın alıwda dushshı suw resursların aqılga ug`ras paydalanıwda u`lken a`hmiyetke iye boladı.

**Bul jumıstın` baslı ilimiy jan`alıg`ı** tiykarınan Respublikada suw resurslarının` o`zgerislerine baylanıslı antrpogen pataslanıwlardın` aldın alıwda jas awladtı ekologiyalıq ma`deniyattı qa`liplestiriwde suwlardı pataslamawg`a olardı qorg`awda ha`r qıylı kategoriyadag`ı suw ob`ektlerinde suw sapasın bahalaw ma`selesine arnalg`an izertlew jumısı bolıp tabıladı.

Avtor ta`repinen bul mashqalanı u`yreniwde ko`p jıllıq mag`lıwmatlardan paydalanıp, alıng`an suw mug`darının` o`zgeriwi, ha`zirgi waqıtta suw mug`darları ha`m suw sapalıq ko`rsetkishlerinin` o`zgerisleri ha'm jas mektep oqıtıwshılarının` sanasının` o`siwinde jan`asha oqıtıw usıllardan paydalang`an halda jandasıwdan ibarat.

**Jumıstın` a`meliy a`hmiyeti** sonnan ibarat bolıp, izertlewdin` na`tiyjeleri suw mug`darlarının` o`zgerisleri jag`dayında keleshekte respublikamız suwg`a baylanıslı bolg`an ma`seleleri, atap aytqanda A`miwdar`ya to`mengi bo`limindegi basqada suw ekosistemalarının` eklogiyalıq jag`dayları, regionnın` turaqlı rawajlanıw barısında strategiyalıq a`hmiyetke iye bolg`an suw ob`ektlerin ekologiyalıq indikatorlardan paydalang`an halda bahalaw ha`m ekologiyalıq jag`dayların saplastırıwg`a metodikalıq jaqtan ja`rdem beredi.

**Pitkeriw qa`niygelik jumısı** 59 betten ibarat, 9 keste ha`m 2 suwretten turadı.

4 kurs talabasi: B.Qayratdinova

Ilimiy basshi: Q.Atanazarov